Dirjasupraba

Kawi - Jarwa

Bukhandêl S.M. Diwarna

Kuthagêdhe saha Mataram

1931

--- [0] ---

Bausastra: Kawi-Jarwa

Dening Radèn Dirjasupraba

Cap-capan sapisan

Isinipun: 1. Bausastra (Ha - Nga), 2. Pratelan namining kewan-kewan, 3. Namaning peranganing badan, pangangge sarta rêrêngganing badan, 4. Namaning têtuwuhan, sêsêkaran, sarta woh-wohan.

Bukhandêl S.M. Diwarna, Kuthagêdhe saha Mataram

No. 21-B, Rêgi F ...

--- [0] ---

[Iklan]

--- 1 ---

Bausastra Kawi-Jarwa sarta Pathibasa Kawi-Jarwa

Isinipun ± 3000 têmbung, anggitanipun Radèn Dirjasupraba. Cap-capan sapisan, 1931 Musnèng batang angèsthi wiji[1]

Isinipun: 1. Bausastra (Ha - Nga), 2. Pratelan namaning kewan-kewan, 3. Namaning peranganing badan, pangangge sarta rêrêngganing badan, 4. Namaning têtuwuhan, sêsêkaran, sarta woh-wohan. Kawêdalakên dening:

[Grafik]

--- 2 ---

...

--- 3 ---

Bausastra Kawi - Jawi

Ha

a = hora, tanpa.

aom = hom, nênêkung, tapa, pahomman, patapan, pamujan.

anala = gêni, ati.

analana = dolanan, dolan, dolan-dolan.

analika = nalika: niti priksa, maspadakake.

ananta = tanpa watês, tanpa wêkasan, ula gêdhe bangêt.

anitya = langgêng.

anila = angin.

anih = lumuh, suthik.

anindha = linuwih, ngluwihi.

anung = nung: kuwasa, pintêr, linuwih, anak anung: anak kang pintêr bangêt, paranung-anung: para pintêr, para linuwih.

anwam = anom.

anya = ana.

--- 4 ---

anyang = boyongan.

acala = cala: gunung.

anauti = anauti: cacing.

ari = dina, adhi, arinta, rinta: adhimu.

arina = kidang.

ariyak = alun.

aris = alon, sarèh.

arimong = rimong: macan.

are = bodho.

arok = awor, têmpuh, angrok, ngrok: nêmpuh.

aru-ara = horêk, gègèr, sasaran.

arus = pantês, ili, arusan: banyakan, tan arus: ora pantês.

arum = wangi, lêgi, wadon.

arêgud = nyêbrak, nyêndhal.

akasa = kasa: langit, awang-awang.

aking = garing.

adiraja = sabar, sugih pangapura.

--- 5 ---

aditya = srêngenge.

ata = sigêg.

atanapi = tanapi: utawa, sarta, apadene.

atakara = teja.

atap = tumpuk, sungsun, undhung.

atag = akon, prentah.

atis = adhêm, matis: krasa adhêm, kadhêmên.

atri = tri: rame, têlu.

atruh = truh: udan, trutruh: udan ricik.

asa = pawadonan, kuwat, rosa.

asada = ilat.

asung = sung: awèh, wèwèh.

asrêt = alot.

asrama = tapa. pasraman: patapan. ngasrama: lagi tapa, manggon ing patapan.

awanda = pêtêng.

awinda = padhang.

--- 6 ---

awiyat = awang-awang. ngawiyat: ing awang-awang.

awig = bêcik, bisa.

awran =[2] mêndhung.

awun-awun = ampak-ampak.

alaya = jahe.

alwang = kalong.

aliwawar = prahara.

apan = pan: awit, tur, sanajan.

apituwi = utawa.

apus = tali, pring apus: pring tali, apus buntut: tali buntut.

adhing = jodhang.

ajar = pandhita, nujum.

aji = ratu.

aywa = ywa: aja.

ayu = bêcik, slamêt.

ayun = arêp, kêpengin. pangayunan: ngarêpan.

anyut = kèli, larut.

--- 7 ---

ama = pasu, wari.

amah = murka, alu amah: kamurkan.

amla = mla: kêcut.

amit = pamit.

amrik = wangi.

amêm = antêng, mênêng.

amrêta = tômba, banyu urip.

agra = gra: pucak, pucaking gunung.

agya = gya: enggal, kasusu, banjur.

agung = gung: gêdhe.

agêr-agêr = ganggêng.

abi = luwih, baris, abirawa, birawa: muruh, luwih rowa, abi sêtiya têmên bangêt, abi mana linuwihing ati, abi sama, bisama wicaksana.

abra = bra: warata, gumêbyar, ambranang.

anging = nanging, mung.

anguwuh = surak, ambêngok.

angrês = wêdi, miris, giris.

--- 8 ---

andaka = banthèng.

andaga = mancal, ambalela, anjêjak.

andini = sapi.

andimapa = mokal, nglêngkara, kaandimapan kamokalan.

andon = nêba.

andupara = dupara: mokal, nglêngkara, bobat.

andulu = andêlêng, nonton.

andul = sungsun.

andrawina = sênêng-sênêng ngombe.

anta = wêkasan, luwih.

antah = êmbuh.

antanu = mangsi.

antarala = awang-awang.

antar = lantas, bantas.

anti = manganti, nganti, ngêntèni.

antuk = olèh.

antêlu = êndhog.

--- 9 ---

antya = luwih. kaantiyan: kaluwihan.

andhah = asor, andhahan: sorsoran.

andhali = tiba, mantiyung, tumêlung.

andhêm = rungkêp, kandhêm: krungkêb, ngandhêmi: nyungkêmi, ngrungkêbi. andhêman: rungkêban dhadhane kidang jaran utawa liyane.

anthok = tlakup.

arcamana = raup.

arka = hyang arka: srêngenge.

arkamaya = teja, banyu mandi.

arda = murka, luwih, bangêt. rôga-tiharda: lara bangêt. ardawalepa: ambalèkake ujar.

ardana = rêdana: dhuwit.

ardawalika = ula.

ardi = gunung.

arta = dhuwit. hartana: ênggon dhuwit, tukang nampa dhuwit.

artati = lêgi, luwih.

artala = madu.

--- 10 ---

arti = sumurup, têgês.

arsa = arêp, bungah.

arsaja = anak pambarêp.

arsaya = bungah. kaharsayan: kabungahan.

arpat = klumpuk. marpat: nglumpukake.

arja = rêja, têntrêm, slamêt. raharja: slamêt. karaharjan: kaslamêtan.

arjana = kaslamêtan, bêcik.

arjuna = jêmbangan, banyu jêmbangan.

aryana = budi.

aryas = watu, intên.

arga = gunung.

argya = kurmat. pahargyan: pakurmatan.

aksara = gêgaman.

aksama = apura. pangaksama: pangapura.

atma = atmaja, anak.

atmaka = mati, nyawa.

ascarya = eram, gumun.

--- 11 ---

astana = kuburan, kraton.

astati = rayap.

astani = bantal.

astawa = sêmbah, bêkti. umastawa, ngastawa: ngabêkti. pangastawa: pangabêkti.

astama = sênêng-sênêng.

astra = gêgaman, astrawara: panah.

asti = gajah.

astuti = astutiya, sêmbah, bêkti. pangastuti: pangabêkti.

asmana = pikat.

asmara = sêdhih, sêngsêm. kasmaran: kasêngsêm, asmaradana: nêngsêmi. asmaranala: sêngsêming ati. asmaralaya: suwarga. asmaragama: sêngsêming sanggama.

astha = wolu, bahu.

asthaga = wolu, angus.

asthi = sêdiya, gajah, hastina: ênggon gajah.

alpa = kurang, tuna.

--- 12 ---

apsara = dewa.

apsari = widadari.

hyang = dewa, hyang brahma, hyang siwah, hyang hiswara, hyang sri lan liya-liyane.

ancala = cala: gunung.

ancur = ajur.

anculan = kala.

ancêm = pola.

anjana = gajah.

anjrah = warata, sumêbar.

anjrêm = anjêrum.

ampang = ènthèng.

ampeyan = pinggir, sikil. garwa ampeyan: garwa paminggir.

amba = kula.

ambahak = ngrayah, anjarah rayah.

ambawang = pakèl.

ambar = ngambar: wangi, sumêbar, sumrambah.

--- 13 ---

ambartala = ara-ara.

agna = kaku.

agni = hyang agni: gêni.

angkya = aku.

angkara = gumêbyar, luwih, murka. angkaramurka: murka, luwih murka. mangkara-kara: gêbyar-gêbyar.

angkus = êcis.

angkên = upama, pindha.

angsa = ôngsa: banyak.

angsaka = mungsuh, satru.

angga = awak, wujud, upama.

anggana = ijèn, ayu.

anggara = dina Salasa.

anggas = walang, gadhing, ibêr-ibêran.

anggarjita = anggagas, ngangên-angên, ngeling-eling.

anggarbini = mêtêng, ngandhêg.

anggop = towong, kêndhat.

--- 14 ---

anggung = tansah.

anggi = bumbu.

ina = cacad, kuciwa, nistha.

ira = intên.

irawati = angin gêdhe, gêtêr-patêr irawati: prahara.

irah = jêroan.

ikanang = kang.

iku = buntut.

iti = êntèk, rampung, wêkasan.

itina = sigêg, lèrên.[3]

ituwa = luwing.

itêm = irêng.

ile = anèh, kumaki.

iluta = arih-arih. miluta: ngarih-arih.

iswara = ratu.

inyang = biyung.

ima = imawan: mega.

--- 15 ---

indriya = ati, rasa, pôncaindriya: rasa lima.

indupati = rêmbulan.

inte = injên. nginte: nginjên. juru panginte; mata-mata, têlik.

ir = intên.

istadha = bathuk.

imbal = gênti, nyêlani.

ingsun = aku.

ingwang = aku.

inggut = lirik. nginggut: nglirik.

inggong = ngong: aku.

èni = pèni.

ènu = rêmbulan.

erang = isin, wirang. ngerang-erang: ngisin-isin, mirang-mirangake, gawe wirang.

èrêm = cêplok.

eka = siji, ijèn.

etu = mula, hetun: hetuniyo, hetuni: mulane, sêbab saka iku.

--- 16 ---

ewrên = horêg, gègèr.

epya = repot. kaepyan, karepotan.

èmêng = pêtêng, susah, sêdhih.

endra = ratu, linuwih, endraloka: jagat linuwih, kayangan, kadewan, suralaya, endrapada, endrabawana.

endung = mega.

endhan = gila.

endhe = tamèng.

hèr = har: banyu. hèrnawa: sagara. hèrtati: udan.

èksa = waspada.

èstha = upama, karêp, sêdhiya.

èsthi = karêp, sêdhiya, gajah.

onêng = kangên, mangonêng: kangên, sêdhih.

ota = piranti, pasangan, adon-adon.

otêr = gègèr, horêg.

ojat = suwur. kojat: kasuwur.

opya = alok.

--- 17 ---

ôndakara = srêngenge.

ôntakara = srêngenge.

ôntarapura = kraton.

or = ahor, gêtar.

oncom = tempe bosok.

oncong = colok.

ompak = ganjêl.

una = linuwih. wisa una, wisuna: wisa linuwih, wisa mandi.

uni = nguni: biyèn.

uninga = wêruh, gêni.

unu = kècèr, kicir.

unar = suwur.

ucup = lêpas. ingucup: dilêpasake.

uradati = anggêgirisi.

ure = udhar, ucul.

uruh = unthuk. muruh: kaya unthuk.

urus = tata, bênêr.

--- 18 ---

ukip = ulap. ukipên: sulap.

ukup = sabuk.

uda = banyu.

udara = dara. dhara: wêtêng.

udaka = banyu.

udakara = kira-kira.

udanagara = tata-krama.

udaya = sagara.

udyana = taman.

udrasa = tangis.

udani = wêruh. atur udani: awèh wêruh. ngudanèni: mêruhi, nyumurupi.

uta = lintah.

utara = lor. ngutara: ngalor, ing lor.

utari = mangkono, mangkana.

utawaka = gêni.

utamangga = êndhas.

--- 19 ---

utêr = bundêr.

usara = êbun.

usada = usadi: jamu, tômba.

uswa = ambung. nguswa: ngambung. kinuswa-kuswa: diambungi.

uswasa = swasa: ambêkan.

uwun = wurung.

ulinga = nêpsu bangêt.

ulu = êndhas. swara, ulon: swara, uni, têkèk mati ing ulone: paribasan: mati saka swarane (gunême) dhewe.

ulun = kula, kawula.

upa = êlas. saupa: saêlas.

ujana = udiyono: taman.

ujwala = sorot, gêbyar, cahya. ngujwala: sumorot.

uji = dadar, lèlèr.

ujung = pucuk, pinggir, pongol. ujungan: pucukan.

ujêl = wêlut.

unya = uniya: uni, munya. munia: muni.

--- 20 ---

umarah = ngangkah, golèk.

umi = wiji, biyung.

umiyat = miyat: andêlêng, nonton.

umyar = angon, ngawat-awati.

umyus = midit, sumilir.

umyung = rame.

ubaya = jangji. cidra ing ubaya: cidra ing jangji.

uthuh = lalêr. nguthuh: kaya lalêr.

untar = wudun.

untung = bêgja.

undhagi = pintêr, wasis.

undhan = pancikan, pancadan.

udsaha = usaha: panguripan, upajiwa: ngudsaha: anggaota, nyambut gawe.

usnipah = tutup gêlungan.

ungkih = angkah. ngungkih: ngangkah, marsudi.

ênu = dalan. ing ênu: ing dalan.

--- 21 ---

êla = eman, puji. ela-ela: eman-eman. ingela-ela: didama-dama, dieman-eman, diugung.

êntar = begal. ngêntar: ambegal. kaêntar: kabegal.

êntyar = êntèk.

ênting = êntèk, katog. ngênting: ngêntèk, ngêtok. êntingan: êntèk-êntèkan, pungkasan.

êrdawa = mangsi.

ênjali = sêmbah, bêkti. ngênjali (mangênjali): nyêmbah, ngabêkti.

Na

nahên = nandhang, mangkene, ngampêt, nahan. nahênkung: nandhang susah. nahênwaspa: nahan êluh.

nauti = anauti: cacing.

naraca = traju.

nara = wong lanang.

nari = wong wadon.

naraiswara = naradipa, naradipati, naradipatiya, narapati: ratu.

--- 22 ---

narawôngsa = turuning ratu, trahing ratu.

narawung = ambarêng. narawungi: ambarêngi.

narèswari = ratu putri.

narendra = ratu.

naki = iki.

nakoda = nangkoda: sudagar alaku prau.

nadi = kali, bêngawan, sagara.

nadukara = manadukara: anjurungi.

nadya = bêbayu.

nata = ratu.

natin = nglirik.

natar = latar.

nasa = dewa.

nasika = irung.

nasun-ya = nasunya: suwung.

nawa = padhang, sanga.

nawala = layang.

--- 23 ---

nawung = nganggit. sinawung: dianggit.

nala = ati, gêni.

nalika = niti priksa, maspadakake.

napang = nabok.

naya = nayana: ulat, polatan.

nayaka = pangarêp, panggêdhe, têtunggul. nayakaningrat: kangjêng nabi Muhammad. nayaka waktra: patih.

nayadi = sumèh.

nayogyani = ngrujuki, anjurungi.

naga = ula. nagapati, nagaji, nagaraja, nagendra: ratuning ula.

nabi = wudêl.

nanda = êlèng.

nandi = bayu.

nanta = watês, wêkasan. ananta: tanpa watês, tanpa wêkasan.

narpa = ratu. narpa dayita, narpa duita, narpa umi, narpa wadu: ratu putri.

narpati = ratu.

--- 24 ---

narmada = kali.

natpada = nonton, ngabêkti.

natmata = nonton, maspadakake, namatake.

nasthaka = lingir.

nambak = ambêndung.

nampeka = nêlik.

nambrama = ambagèkake. panambrama: pambage.

nambula = nginang.

nangkil = seba, ngadhêp.

nanggulang = ngêndhak, nyêgah, ambalèkake.

nrang = nêrang. manrang: nrajang, nêmpuh.

nihan = niyan: mangkene, mangkono, mangkana.

nikanang = kang.

nikèn = wong wadon.

niditya = linuwih.

nitra = nulis, mata.

nitya = nitiya: ulat.

--- 25 ---

nityasa = netiyasa, sanetiyasa: tansah.

nitêh = ulêr.

nisaka = rêmbulan.

niwata = newata: panganggo.

nila = angin, biru, manik. nila warsa: udan angin. nila pracandha: angin pangabaran.

nilakrama = takon.

nilap = nyilip, andhêlik, nyidra.

nilip = nyilip, andhêlik, nyidra.

nipuna = nimpuna: nglumpuk, mumpuni.

nidhikara = muji.

niyata = yêkti, nyata.

niyasa = langgêng.

ningêp = nyaput.

nindya = linuwih. nindya mantri: mantri linuwih, patih.

nindi = midih.

nindita = pintêr, linuwih. anak anung aninditi:[4] anak kang pinter bangêt.

--- 26 ---

ninta = andhêmêni.

nindha = narub, mayu.

nir = ilang, êntèk, tanpa. nirdeya: tanpa gawe. nirhantara, nirantara: tan pêgat, ora kêndhat, ora lêt, tansah. nirrasa, nirasa: tanpa rasa.

nirlaba = tuna.

nis = ilang, tanpa, ora ana.

niscaya = masthi, tan kêna ora.

niskara = saniskara: samubarang, barang-barang.

neka = warna. neka-neka, neka warna, maneka warna: warna-warna, rupa-rupa.

netra = mata.

netyasa = sanetyasa: tansah.

nendra = turu.

nono = mangkono, mangkana.

nor = ngasor.

non = dêlêng. panon: pandêlêng.

nuning = andêlêng, nonton.

nuraga = digdaya, pêngpêngan. kanuragan: kadigdayan.

--- 27 ---

nukarta = nyruwe, ngaru biru, nyikara.

nuding = ngutus.

nusa = nuswa: pulo.

nuswapada = donya, jagad.

nugraha = bêgja, ganjar. kanugrahan: kabêgjan. sinugraha: diganjar.

nung = pintêr, linuwih.

nênêr = tètès.

nêrês = nugêl.

nêlahi = madhangi.

nêbah = tlapukan, kêlud.

nêmbah = nyêmbah.

nênggih = inggih.

Ca

cacata = gludhug.

cacak = coba, jajal.

--- 28 ---

carana = athi-athi, urang-uranging mata.

caraka = utusan.

carat = pancuran, mancur.

cakil = canthèlan.

cakra = bundêr, buwêng. cakrawati: jagad bundêr, buwênging jagad. cakrawala: bundêring langit.

cakarwa = mliwis putih.

catur = papat, araning dolanan.

cawaca = cuwaca: padhang bangêt.

cala = nistha, gunung, anjarag, calaina: cacad nistha, picak.

calimi = cukup. mantu calimèn: mantu sacukupe.

capa = gandhewa.

caga = bêburon.

canga = lombok.

canguk = têlik, mata-mata.

candu = lalar, pathi.

candhala = ala.

--- 29 ---

canthoka = kodhok.

canthang = kêprak.

car = mlaku. carraka, caraka: wong kang gawene mlaku, kongkonan.

carya = ascarya: gumun, eram.

carma = kulit, walulang.

carmin = pangilon.

caksu = caksuh: suluhan, urêng-urênging mata.

cancala = obah, polah.

campah = pênggak.

cambul = cêmêthi.

cangkrama = dolan-dolan, amêng-amêng.

ci = kali.

citra = warna, rupa, tulis, juru panitra: juru tulis, juru nulis. cinitra: tinulis.

cintya = bêcik, ayu. acintiya: panggêdhe.

cintaka = manuk cêkaklak.

cintra = cacad. cintraka: cilaka, sangsara.

--- 30 ---

cinthaka = bilai.

ceda = cacad. cineda: dicacad.

coli = culi: towok, kudhi.

côndra = rupa, sasi, rêmbulan. yuswa wolung côndra: umur wolung sasi. candra sangkala: taun rêmbulan, taun kang manut lakune rêmbulan.

cuni = ilang, panunggul (ali-ali suwêng).

cucuh = cocoh, suduk.

cucur = manuk kêdhasih.

curiga = kêris.

cumanthaka = kumlungkung, kumaki.

cundaka = têlik. cumandaka: nêlik.

cumbu = bali.

cêla = cacad.

cêdhis = lêthêk, andharidhis.

cêguk = busuk.

cêndhani = cêndhana.

cêmbing = jenggot.

--- 31 ---

crêmih = juwèh.

cêthèthèt = kêcipir.

Ra

rana = pêrang, paprangan. trining rana: gêni paprangan. kasambut madiyaning rana: mati pêrang, mati ing paprangan.

ranu = banyu. singa ranu: baya.

rara = prawan.

raras = runtut, bêcik, asri, laras.

raditya = srêngenge.

rata = kreta, tunggangan. rata gothaka: kreta gêrbong, kreta pêtêng, kreta tutupan.

rati = ratih: rêmbulan.

ratri = latri: bêngi.

ratuh = hratuh: lumut.

rasa = nênêm, kaya, upama.

rasika = bungah, suci, bêning.

--- 32 ---

rasêksa = buta lanang.

rasêksi = buta wadon.

rawi = srêngenge.

rawan = mêndhung.

rawanda = rondha.

rapa = lapa: luwe.

rapuh = lara, susah, lêsu.

rajatadi = raja brana, barang mas intên.

rajah = ciri, tulis.

raya = gêdhe. riyaya, riaya: dina gêdhe.

rayung = glagah.

ramaja = bajing.

ramya = rame.

ramon = sarah, kambang, bantên.

raga = awak, wadhah.

ragi = bumbu. paragiyan, pragèn: ênggon bumbu, wadhah bumbu, bumbon.

--- 33 ---

rago = êlèng, guwa.

rabasa = rusak. nrabasa: ngrusak. rinabasa: dirusak.

rangas = giras, galak.

rangin = laras, dhadhap.

rangu = gajêg. rangu-rangu, kapirangu: gajêg-gajêg, gojag-gajêg.

rahsa = wadi, rasa.

rantan = tata, rancang.

randhi = mênjangan, ranggah.

randhêh = randhu.

raksasa = buta, buta lanang.

raksasi = buta wadon.

rat = jagad.

rancang = ukir. trancangan: ukiran.

ranji = kranjang.

ranju = borang.

rambi = èmpèr.

ranggon = gubug.

--- 34 ---

ri = dina, adhi. rinta: adhimu.

rini = wadon. siswa rini: murid wadon.

ririh = alon, sarèh.

riris = udan.

risakan = kiring.

risaksana = nuli, tumuli.

riwe = kringêt.

rimong = macan.

riba = ruba: pawèwèh, bêsêl, kamelikan.

ringa = duga. ringa-ringa: duga-duga, kira-kira.

ringan = maringan: ènthèng.

rimbit = jodho. sarimbit, srimbit: sajodho, sakaloron, sakalian.

rimbon = simpênan. parimbon, primbon: simpênan, pasimpênan, buku simpênan.

rimbu = simpênan. parimbon, primbon: buku simpênan.

ringgahan = kandhang.

rena = biyung.

--- 35 ---

rewônda = kêthèk.

regoh = lumpuh.

rota = galak. rotadanawa: buta galak.

rowangga = bawera.

roga = lara. roga tiharda: lara bangêt.

robaya = pantês, mêngko.

rontaka = bêndhe.

rondhon = godhong.

rok = têmpuh, trajang. angrok: nêmpuh, nrajang.

rompak = begal, begal sagara, bajag.

ruhun = rumuhun: biyèn, dhisik.

ruci = bajang. Dewa Ruci: dewa bajang.

rurah = lêbur, rusak, angkah. ngrurah: ngrusak, nglêbur. rumarah: golèk, ngangkah. pangrurah: pangrusak.

rudah = rusak. rudhatin, rêdatin: rusak atine, susah.

rudita = prihatin.

rutan = pênjalin.

--- 36 ---

ruwastha = ugêl-ugêl.

ruwida = susah.

ruwiya = warata.

rujit = anggit, suwèk, suwir. rinujit: dianggit, disuwèk. pusparujit: gubahan. rinujit-rujit: disuwèk-suwèk.

rubaya = jangji.

rubiyah = bojo.

rungas = pêrung.

runtik = muring, nêpsu, bêndu.

rukti = rakit, pasang, rumat.

rukmi = êmas.

rumpaka = gubah, anggit.

rumpuk = sungsun.

rumbah = jangan. rumbahan: janganan. ngrumbah: anjangan.

rumbu = sêgêr.

rêrêng = rêngrêng: asri, ngêngrêng, anggamêng.

rêkatha = yuyu.

--- 37 ---

rêke = mangke.

rêdatin = rudatin, rudahtin: susah.

rêtu = rusuh, gègèr, horêk, suksukan.

rêtuh = buthêk, bukêt.

rêsi = pandhita, rêsindra: pandhita ratu.

rêsigana = dewa.

rwawa = luntas.

rêjasa = arjasa: asri, bêcik.

rêgêm = gêgêm. ngrêgêm: anggêgêm, rinêgêm-rinêgêm: digêgêm.

rêngya = rungu, prungu. karêngiya: krungu, kaprungu.

rêngut = jêngkêrut, mrêngut: anjêngkêrut.

rêkta = abang. palarêkta: bolu.

rêtna = intên. manik nawarêtna: barang intên warna sanga. rêtna wadu: bêcik-bêcike wong wadon.

rêspati = pidêksa, pantês.

rêsmi = asri, rêsêp, sêngsêm. sarêsmi: padha sêngsême, padha rêsêpe, cumbana.

--- 38 ---

rêncana = godha.

rêncaka = ribêd, susah.

rêncêm = rêmuk, pêcah.

rêmbaka = rêmbuyung, kêtêl. ngrêmbaka: ngrêmbuyung.

rêbda = ngrêpda. ngrêda: andadi, sumêbar, warata.

rêngrêng = asri, ngêngrêng, anggamêng.

rêngka = bênthèt, nêla. mulwa rêngka: srikaya.

rênggut = sebrak, sêndhal, jambak. ngrênggut: anjambak, nyêndhal, nyêbrak. rênggut-rumênggut: jambak-jambakan.

rênggêp = candhak, cêkêl. ngrênggêp: nyêkêl, nyandhak.

Ka

kahastaman = kabungahan.

kahargya = kajèn.

kaharsayan = kabungahan.

kahomitan = susah, kasusahan.

kahopan = kopèn.

--- 39 ---

kahosmurda = kêthu.

kahol = crita.

kahêntar = kabegal.

kanaka = êmas.

kanan = têngên.

kanin = tatu.

kanang = kang.

kacundhuk = kapêthuk, kapranggul.

kacung = le, thole, bocah lanang.

kacêmba = kacêmbang: kêcut.

karana = jalaran, sabab, awit, amarga.

karaca = kijing.

kariti = sêmut.

karuna = nangis.

karas = kothak, papan.

karêngya = krungu, kaprungu.

karêndar = krêndar: sungsum.

--- 40 ---

karêndhi = mênjangan, mênjangan tutul.

karangulu = bantal.

karês = balur.

kaka = kakang, gagak.

kaki = sikil, anggèr.

kakiki = nyata.

kakôndha = gandera, lêlayu.

kada = kunthing.

kadalurung = kêbanjur.

kadya = kaya.

kata = têmbung, crita.

katiga = gêni.[5]

katiwang-tiwang = katula-tula, kalunta-lunta.

kater = tambir.

katêka = têkan.

katang = kêkatang. katang-katang: sukêt.

katong = ratu.

--- 41 ---

katrêsan = giris, miris.

kasatika = tutut.

kasida = lêstari.

kasusra = kasuwur, misuwur.

kasung = katur.

kasub = misuwur, kasuwur.

kaswada = kalong.

kaswasih = mêmêlas, mêlas asih.

kaswas = kasyas: katur.

kawaca = panganggo, kaprabon.

kawawa = kuwat, kuwagang, kangkat.

kawanda = kawandha: gêmbung.

kawindra = kawiradiya: pujôngga.

kawilut = kagubêd, kapulêt.

kawistara = katara, katon.

kawuri = kapungkur.

kawuntat = kapungkur.

--- 42 ---

kawuryan = katon.

kawêwang = mêrak.

kawêlak = kapêlak: suwèk.

kala = jaman, nalika.

kalika = nalika.

kalingking = jênthik.

kalingga = kapundhi, kaadêg.

kale = pênding.

kaloka = kondhang, misuwur.

kalurak = kapundhung.

kalulun = kelut, katut.

kalêntit = dubur, itil.

kapa = ulês, lurup.

kapracondhang = kataton, katiwasan.

kaprajaya = kataton, katiwasan.

kapwa = kapya: padha, kabèh.

kapang-kapang = dhampyak-dhampyak, katebang-katebang.

--- 43 ---

kapi = kapati, sêmu, bangêt. kapirêkta, kapurônta: jambon, jambon, ênom. kapilare: sêmu bocah, kaya bocah. kapidêrêng, kapiadrêng: adrêng bangêt, karêp bangêt.

kapirangu = mangu-mangu, sêmu gajêg-gajêg, ribêt.

kapila = kêpila: putih.

kapiluyu = katut, kelut, kapencut.

kapita = kagèt.

kapidhara = klêngêr, sêmaput.

kadhana = lanang.

kadhini = wadon. kadhana-kadhini: anak loro lanang wadon.

kayun = karêp. ngayun: ngarêp.

kamantya = luwih, ngluwihi, bangêt.

kamal = asêm.

kamijara = sêre.

kamutya = kamutiyan: kamuktèn.

kamohitan = sênêng, bungah.

kaga = manuk.

--- 44 ---

kagum = kagèt.

kagyat = kagèt.

kabul = katurutan, kalakon.

kabyaktan = kayêktènan.

kabyatan = kabotan.

kandarang = kêndhali.

kantaka = klêngêr, sêmaput.

kantar = ulat, tamèng.

kantu = klêngêr, sêmaput.

kandha = kôndha: crita. maca kandha, maca kôndha: maca crita. darma kôndha: crita bêcik.

karna = kuping, sungu.

karni = ambaning kuping, sungu.

kardi = gawe. kinardi: digawe.

karta = têntrêm, slamêt.

karti = gawe, banyu.

kartika = lintang.

--- 45 ---

karsana = bungah.

karya = gawe. kinarya: digawe. pakaryan: pagawean, panguripan.

karma = tata, basa, tata krama.

kaksan = sanalika.

kas = kuwat, santosa.

kalpa = ali-ali.

kalpika = ali-ali.

kalbu = ati.

kapti = karêp, sêdiya.

kancana = êmas.

kampita = kagèt, lindhu.

kambil = abah-abah jaran.

kambing = wêdhus.

kanggêg = kandhêg.

kratalasa = bulus.

krama = patrap, pratingkah.

kramika = ulêr.

--- 46 ---

kyasa = sêpêt.

kyama = bulus, pênyu.

kirana = rêmbulan, sorot.

kirata = wong alasan. kiratabasa: basane wong alasan.

kitiran = manuk pêrkutut.

kisi = susuk kondhe, kancing gêlung.

kintaka = layang.

kirna = sakèhe. palakirna: sakèhe woh-wohan.

kirtya = makirtiya: gawe.

kisma = lêmah.

kingkin = susah.

kridha = ulah. kridhasara, kridha astra, kridhastra: ulah gêgaman.

kriya = tukang.

kerah = karêp.

kering = kiwa. kanan kering: kiwa-têngên.

ketang = kilang.

keswa = rambut, gêlungan.

--- 47 ---

kewala = bae.

kelikan = kêsèd, sungkan.

kewran = kèwuhan.

kejani = lutung.

kengis = katon sathithik.

kèn = prawan, wadon.

kentar = katut, kèli.

kendhang = kèli, buwang.

ko = kowe.

kohên = kowe.

konêng = kobêr.

kocika = palanangan.

koce = sondhèr.

kosara = kusara: êbun.

koswa = rêngga, panganggo, kaprabon.

koligha = sadulur sinara wadi, sadulur sinara wèdi.

kolêm = kulah.

--- 48 ---

komis = brêngos.

kongas = ngambar, sumêbar. ngongasake: ngetokake, ngumukake, mamèrake.

kontab = kondhang, misuwur.

kotbuta = kaya buta, mêdèni, anggilani.

kongkal = kasingsal, kontal, kasongkèl.

krodha = muring, nêpsu, mêta.

kroya = karoya: wit waringin.

kunarpa = bangke, mayit, layon.

kunira, kumkuma = kunir.

kunêng = sigêg, lèrèn.

kuras = rêsik.

kuranji = asêm.

kurug = kalung.

kurita = rante, oyod.

kucumbi = bojo.

kukila = manuk.

--- 49 ---

kukuwung = cumlorot, sumorot.

kukya = kuku.

kuda = kudaka: jaran.

kutêr = putêr.

kutu = tuma.

kuswa = ambung, isêp, kinuswa-kuswa: diambungi.

kuswara = kasêbut.

kusuma = kêmbang.

kusung-kusung = kêsusu, ngaya-aya.

kuwawa = kawawa: kuwat, kuwagang, kangkat.

kuwu = dhepokan palerenan.

kuwôndha = mayit, bangke, layon.

kulita = rakêt, rumakêt.

kulup = thole, anggèr.

kuji = kanthong, kujian: kanthongan.

kumara = kumandhang.

kumuda = kêmbang tanjung.

--- 50 ---

kumut = kêbês, têlês kêbês.

kuthira = pasêr.

kuthila = kêthèk.

kuthip = bajang.

kun = aku.

kurma = kurniya: bulus pênyu.

kunjara = kandhang gajah.

kumbayana = wadhah banyu, gênthong, klêmuk, jêmbangan, klênthing.

kumbi = selak, mukir.

kung = susah, sêdhih, prihatin.

kêni = kêna.

kêning = alis.

kêta = gumêtêr.

kêtur = candhana.

kêlir = aling-aling.

kêping = gèpèng, pèsèk, kimpès.

kêjar = bêdhak, mburu.

--- 51 ---

kênya = prawan.

kênyar = gêbyar, sorot, kumênyar: gumêbyar, sumorot.

kêmat = kaluwihan, pamèr.

kêmit = jaga.

kêndhuru = wit gêndhuru.

krêdya = kagèt.

krêdyat = kêrdiyat: kagèt.

krêpuk = pèpèt, sompok, kakrêpuk: kapèpèt, kasompok.

krêmun = grimis.

krêsna = irêng, wage.

Da

dahana = gêni.

dahat = bangêt.

daut = dhaut: bêdhol, pêdhot.

danawa = buta.

daniswara = sugih tur priyayi, sugih singgih.

--- 52 ---

danu = dhanu: mega, panah, gandhewa.

danuja = satriya linuwih.

danurja = turune wong pintêr, turune wong sugih ngèlmu.

dara = dhara: wêtêng, lintang gêdhe, prawan.

darana = drana: sabar, sarônta.

darani = caping.

daraka = draka: sabar, sarônta.

darapon = supaya.

daruna = sabab, jalaran, wiwitan, bêbuka. paran darunanira: apa sêbabe, kêpriye bêbukane.

dadya = dadi.

data = padu, para data, pradata: para padu, pangadilan, jêksa. andata: madu, padon.

datan = ora. datanpa: tanpa, ora nganggo.

dasa = batur lanang, sapuluh.

dasi = batur wadon.

dasih = kawula, abdi batur. andasih: ngawula.

--- 53 ---

dalasa = dalah, kêlayan

daya = kuwat, rosa. kadayan: kêkuwatan karosan.

darsa = darsana: tuladan, tuladha. sudarsana: tuladan bêcik.

darpa = kumudu, kadêrêng, bangêt.

darma = wèwèh, bêcik. darmawasita: pitutur bêcik.

darbe = duwe.

daksina = ênggon, kidul, wêkasan. daksinalaya: kuburan wêkasaning pati.

dagda = limpat. widagda: luwih limpat.

dang = kukus. dangan: kukusan.

drana = sabar, sarônta. sabar drana: sabar têmênan.

drawina = ombe. drawinan: ombèn-ombèn. andrawina: sênêng-sênêng ngombe.

drawaya = mili, dlèwèran.

drawasa = trajang, tiwas. kadrawasan: katiwasan. andrawasi: niwasi.

drawita = bêngkah, bênthèt.

drastha = makutha.

--- 54 ---

drasthi = alis.

dwara = lawang.

dwaja = umbul-umbul.

dyana = dhuwit, ganjaran. diyanawimala: rajabrana, ganjaran luwih lara.

dyah = putri.

dyasa = sirna.

dirada = gajah.

dite = dina Ngaad.

ditya = srêngenge, ngluwihi.

diwasa = môngsa, sêdhêng.

diwangsa = diwôngsa: sanak, akrab.

diwangkara = srêngenge.

dipara = gajah.

dipôngga = gajah.

dipan = padhang. andipani: madhangi.

diya = sulaya. diya-diniya: pasulayan.

dimapa = nglêngkara, mokal.

--- 55 ---

dimèn = supaya.

dibya = linuwih, pêng-pêngan, utama. sudibya: luwih utama, linuwih.

dik = bangêt, awang-awang, keblat papat. diksura, dêksura: kuwanènên.

dirja = slamêt.

dirya = katon, katara.

dirga = dawa. dinirgakna ingkang yuswa: diganjara umur dawa.

dirgama = borang.

dirgantara = awang-awang.

dwi = loro.

dwija = guru, pandhita. dwijawara: guru linuwih, pandhita gêdhe.

dwistha = karêp, sêdiya.

dri = gunung. wanadri: alas pagunungan.

driya = ati.

de = dene.

dewata = dewa lanang.

dewati = dewa wadon.

--- 56 ---

deya = mardeya: gawe.

denta = anggone.

doradasih = daradasih, duradasih: nyawa têrus impèn ana nyawane, impèn duwe nyawa, impèn têrus.

don = papan, ênggon, panggonan. andon: nêba.

duhita = putri. narpaduita: ratu putri.

dura = asin, adoh.

duratmaka = maling.

dukacipta = nêbsu batin, prihatin.

dukut = sukêt.

duta = utus, utusan. dinuta: diutus.

dulya = dêlêng, dahwèn.

dulu = dêlêng. dinulu: didêlêng.

dulur = iring. dinulur: diiringake. andulur: ngiringake.

dupara = nglêngkara, mokal.

dupi = barêng, têkan

dumaya = mêndhung.

--- 57 ---

dumadi = tumitah, kang dititahake.

duhkita = susah, sêdhih.

dur = ala. durjana: wong ala. dursila, duryasa, durniti: patrap ala, panggawe ala. durcara: gunêm ala. duratmaka, dur atmaka: nyawa ala, maling, buta.

duryan = durèn.

duryat = sorot, pêngpêngan.

durma = macan.

durmas = drumas: kuningan.

durga = ala, pakewuh, bêbaya.

duk = tuju, dhèk, nalika. duksamana: nalika samana. dukdinuk: tuju-tinuju.

duksina = kidul.

duskarta = sangsara, ora slamêt.

drustha = ala.

dlurung = banjur. kadlurung: kêbanjur.

dêlaha = dalahan, dêlahan: pungkasan, ing têmbe, mati, jaman kalanggêngan. praptèng dêlahan: têkan jaman kalanggêngan, têkan mati.

--- 58 ---

dêring = bêras. padêringan, padaringan: gênthong wadhah bêras, simpênan bêras.

dêling = cêtha, ujar, kôndha.

dêmi = thithik, saksi. sadêmi: sathithik. dêmi Allah: kalawan saksi Allah.

dêmung = gêndhing.

dênta = gadhing, untu.

drêdya = trêsna, asih. kadrêdiyan: katrêsnan.

drêman = wêrdèn.

Ta

tahên = ampêt, tahan, kayu taun sandhang. nahên: ngampêt, nahan, nandhang. mangkene nahênkung: nandhang susah. nahên waspa: nahan êluh, ngampêt êluh.

tanapi = utawa, sarta, apadene.

tanaya = anak.

tanu = blungon, mangsi.

taratya = kêmbang trate.

--- 59 ---

taru = godhong.

taruna = anom. prabu taruna: ratu anom.

taruwara = kêkayon.

tarêm = tandur. tarêman: tanduran.

taka = pati.

tata = angin, gêtih ing otot.

tatab = kêbuk, maras.

tasik = sagara, pupur.

tawan = boyong. tawanan: boyongan. katawan: kaboyong.

tawak = tôngga.

tawo = madu.

tala = lêmah, tawon. pratala: sap-sapaning lêmah, warna-warnaning lêmah.

taling = kuping.

talu = wiwit.

taluh = blêthokan, kringêt.

tapang = angin, glêpung.

tajum = antêng.

--- 60 ---

tajêm = mênêng, ayêm, têntrêm, antêng.

tayuh = drajat, kaluhuran.

taman = ora.

tamuhana = tamuyana: manuk prênjak.

taga = sato.

tagyana = pacangan.

tabid = tabib: dhukun.

tabuh = jam.

tan = datan: ora.

tandya = banjur, nuli, têrus.

tantra = tôntra: bala.

tansipi = tansah, bangêt.

tandhana = gandera.

tanya = takon.

tanbara = dhudha.

tanbuh = tambuh: ora wêruh. tumambuh: api-api ora wêruh. mitambuhi: api-api ara[6] mêruhi.

--- 61 ---

tar = ora. tarlèn: ora liya.

tarkas = endhong.

tarpa = tanpa.

tartamtu = tar tamtu: masthi.

tanjak = ngigêl, mênthang.

tampang = bandhul, êmblèg.

tampis = êntèk.

tamping = pinggir.

tampo = tape.

tampu awang = dhampu awang.

tampêr = wêdhi. uyah tampêr: uyah wêdhi.

tambang = tali, opah. panambang: kanggo nalèni. tambangan: opahan.

tambula = kinang. nambula: nginang.

tambêng = budhêg, tamèng.

tang = kang.

tangkar = pêncar.

tangkil = seba, adhêp. tinangkil: sineba, ingadhêp.

--- 62 ---

tangke = êpang.

tangkêp = tutup. tumangkêp: nutup.

tanggap = tampa. tumanggap: nômpa. pananggap: juru nômpa.

tranggana = lintang.

trantang = kudhi.

tyas = ati. matiyas: mikir.

tiarda = bangêt. rôga-tiarda: lara bangêt.

tinon = katon.

tirah = têtirah: pinggir.

tikin = iki, iku.

titi = êntèk, katam, tamat.

têtika = solah, tindak, pariksa.

titir = kêrêp.

tiwar = simpar. katiwar-tiwar: kasimpar-simpar.

tiwikrama = mêsu, prihatin bangêt.

tiwe = swiwi.

tila = ratus.

--- 63 ---

tilarsa = lêmpuyang.

tilam rum = tilam wangi: paturon.

tilam sari = paturon

tidharsa = manuk kêdhasih.

tidhêm = sirêp, surêm.

timun = timun.

tingêl = budhêg.

tinting = pilih.

tindha = payon, payu, tarub.

tirta = banyu. tirtamarta: banyu urip.

tikta = pait. wila tikta: maja pait.

tiksna = landhêp, gathèkan.

tikbra = susah.

tismasa = môngsa adhêm, badhidhing.

timpung = pincang.

timbul = kumambang.

tri = atri: têlu, rame. trimurti: têlu-têluning atunggal. trisula: gêgaman alandhêp têlu.

--- 64 ---

tèki = taki: tapa. têtèki, tèki-tèki: mangun tèki: martapa nglakoni tapa.

tekang = kang, sing.

tètèh = cêtha, têrang.

tetah = tuntun.

tèlèr = wit kelor, kuwat, umbêl.

towang = towong, kêndhat.

toya di = banyu rêsik, banyu suci. katoya rasa upaya: kêna mêmanising ruba, dibêsêli.

tôntra = bala.

tuhu = têmên. mituhu: tumêmên. nuhoni: nêmêni, nêtêpi.

tunu = obong. tumunu: kobong.

turida = susah, prihatin.

turôngga = jaran. turôngga rata: jaran rakitan.

tuding = êkon, tinuding: diêkon.

tuwêk = kêris.

tulya = tuli: tulèn, têmênan.

--- 65 ---

tumuntur = mèlu.

tumpak = dina Sabtu.

tumpal = sèrèt, tumpang.

tungkat = têkên.

tungguk = tunggu, jaga.

tunggul = unggul, dhuwur, gêndera.

tunggung = gêtun.

truna = banyu, ênom, bodho, jaka.

truni = ênom, prawan.

truh = udan. truhtruh: udan-udan, udan ricik.

trustha = bungah, êlèng.

trusthi = êlèng.

têrusan = lawang butulan.

têkit = cêthik.

têlari = lêmari cilik.

têpi = pinggir.

têpu = dhêdhak.

--- 66 ---

têdhuh = mêndhung, timbrêng, srêngenge ora katon.

têguh = rosa, kuwat, wêntala.

têbêng = aling-aling.

têngran = aran.

têrbis = jurang, pèrèng.

têmpayang = gênthong.

têmbaya = jangji. patêmbayan: prajangjian.

têmbing = pinggir.

trêna = êlung.

Sa

sahaya = kônca, batur, rewang.

sahar = unthuk.

sahab = jêjêl, sêsêk.

saha = mrica.

sahid = pintêr, cukup.

sahing = cabe.

--- 67 ---

saudara = sadulur, kadang.

sana = ênggon, panggonan.

saniskara = sabarang, samubarang.

sanepa = upama, tuladha, pasêmon.

sanetyasa = sanitiyasa, nitiyasa: tansah.

sanubari = ati.

sara = panah, lêlandhêp.

sarasidya = kêmbang tunjung.

sari = kêmbang.

sarija = itil.

saroja = rangkêp. kasaroja: karangkêp. sinaroja: rinangkêp. mata sinaroja: mata rangkêp, mata ronyok, têmbung sinaroja: dwi lingga.

saruni = sruni: suling.

sakatha = kreta.

sakèthèng = lawanging kutha.

sadana = wèwèh, sêkti.

sadarpa = kadêrêng, bangêt.

--- 68 ---

sadarga = kira-kira.

sadak = kancing gêlung.

sadêmi = sathithik.

sata = pitik.

satata = tansah.

satak = satus.

satiti = langgêng.

satikswa = sathithik.

sato = kewan. sato iwèn: kewan iwèn. sato galak: kewan galak.

sasa = lintang.

sasana = sana: ênggon, panggonan. asana: manggon.

sasaki = akik.

sasadara = sasadhara: lintang gêdhe, rêmbulan.

sasra = sèwu. sasra bau: bau sèwu.

sasi = rêmbulan.

sasôngka = rêmbulan.

sawala = gèsèh, sulaya. data sawala: sulaya padune, sulaya rêmbuge.

--- 69 ---

sawaja = swaja: bêlo.

sawastu = mêsthi, têmênan.

sawega = piranti, mrabot, sadhiya.

sawung = barêng. sinawung: binarêng, dianggit.

sawunggaling = jago êmas, jago patohan.

sawêgung = kabèh.

salatara = mlandhingan.

salaba = slaba: laron sulung.

salemuka = pilingan.

saloka = upama, pasêmon.

salu = ambèn.

sapala = sapele, sathithik, utama.

sapangu = sadhela.

sadhawara = atur. manadha wara: matur.

sajuga = siji, sawiji.

saya = piranti. sayèng kaga: kala.

sayaka = panah.

--- 70 ---

sayasta = kasur.

sayoga = sumêta, sêdhiya.

sayogya = prayoga.

samadya = gajah.

samatra = sathithik.

samapta = sumêta, sadhiya, miranti.

samirana = angin.

samodra = sagara.

samuha = bêcik, kumpul. manganggo samuha: manganggo bêcik. samuhan: tontonan manganggo bêcik. lagune bêcik, jogède bêcik. pasamuan: kumpulan bêcik, jagongan.

samêndhang = sadhela.

saban-saban = sabên-sabên.

sangara = sêngara: banyu.

sandi = samar, wadi, samun. sandi sastra: tulis kang disamar, tulis kang digawe wadi. sandi upaya: paêkan ngrêmit.

sandeya = sandiya: kuwatir, sumêlang.

--- 71 ---

santa = sabar, sarèh, bêcik.

santika = sêkti.

santya = mênging, muji, santiya pudiya, santiya budiya: mêmuji, nênuwun.

sandhang = anggo. nyandhang: ngangga[7]

sandhangan: anggon-anggon.[Belum dialihaksara]

sandhang walikat = kêris.

sarkara = lêgi.

sardana = sugih.

sardala = siyung.

sardula = macan.

sarpa = ula. sarpa krêsna: ula dumung.

sarjana = wong pintêr.

sarju = sênêng.

saksana = nuli, tumuli.

sad = nênêm. sadrasa, sadrasa: rosa[8] nênêm. sadpada: sikil nênêm, bangsa kinjêng, bangsa kombang.

satmaka = urip.

--- 72 ---

sastra = tulis. parama sastra: tulis kang linuwih. sastra sandi: tulisan kang digawe wadi, tulisan wadi. sastraji: layanging ratu.

sapta = pitu.

sancaka = srawungan.

sancaya = srawungan.

sampêt = rampung, cukup.

sambrama = bage. panambrama: pambage. manambrama: ambagèkake.

sabda = gunêm cêlathu.

sangkala = taun.

sangkaya = pantês. datan sangkaya: ora pantês.

sangkin = saya, sangsaya. sangkin andadra: saya andadra.

sangkêp = ganêp, cukup.

sangsipta = mulane, jalaran saka iku.

sanggya = kabèh.

sanggraha = dhepokan, omah palèrènan.

srawa = sêmut.

sraya = rewang, tulung. minta sraya: njaluk tulung, njaluk direwangi.

--- 73 ---

swanita = kringêt.

swakuda = jaran.

swasa = uswasa: ambêkan.

swami = garwa, pramèswari.

swamipa = pinggir, pasisir.

swandana = tunggangan, kareta.

sinipi = bangêt, kapati-pati.

sinidhikara = didongakake, dipujèkake.

sinom = wadon, pradapa.

sinukarta = dirêngga, disruwe, diaru-biru.

sira = kowe.

sirung = pêtêng, lindhuk.

sikara = tangan, bau.

siking = gêni, upêt.

sida = prasida: lêstari.

sidi = bênêr. pramana sidi: awas têmênan.

sidik = waskitha.

--- 74 ---

sita = luwih.

sitarêsmi = rêmbulan.

sitibêntar = sêtinggil.

sitèngsu = rêmbulan.

siswa = kônca, wêtu.

siwah = beda.

siwi = anak, seba. sumiwi: sumeba. sumiwèng: seba ing.

siwi bantya = anak mantu.

sila = patrap, pratingkah. dursila: patrap ala, maling.

silar = singkir. sumilar: sumingkir.

sipi = bangêt, kapati-pati.

sidhikara = puji, môntra, donga.

siyaga = dandan, miranti.

siyasat = siksa.

sigra = enggal, rikat, wahing.

singanadi = baya, bajul.

singaranu = baya.

--- 75 ---

singangsana = dhampar palênggahaning ratu.

sindu = banyu.

sindura = mêthuk.

sindung riwut = lesus, prahara.

sirna = ilang, musna.

sipta = cipta.

slira = salira, mênyawak.

sri = ratu. sriwêdari: tamaning ratu. srinata, srinarpati, srinarendra, sripamasa: ratu.

sribupati = ratu.

sing = saking.

singsim = ali-ali.

singgang = poking dami.

sena = prajurit pikukuh.

seta = putih.

setra = kubur tan kapêndhêm.

seswa = murid. seswarini: murid wadon.

--- 76 ---

sewa = sewaka: seba. sumewa: sumeba, seba. pasewakan: paseban. sinewaka, siniwaka: sinowan.

sèntèl = kempol.

sona = asu.

sori = ratu putri.

soroh = wèh, wèwèh, sinorohwadi, sinarawèdi: diwèhi wadi.

soka = susah.

sokana = sêdhih, susah.

sokanandi = abang ênom sêmu kuning.

sota = rasa.

sowang = dhewe, ijèn. sowang-sowang: dhewe-dhewe, ijèn-ijèn.

sonya = suwêng.

song = rong, lèng.

su = luwih, bangêt.

suhun = sunggi, pundhi. sinuwun: kang dipundhi, disunggi. sinuhun-suhun: dipundhi-pundhi, disunggi-sunggi, diaji-aji. susuhunan: wong kang dipundhi-pundhi.

--- 77 ---

sunya = sunya, suwung.

sunar = sorot.

sunu = anak, sorot.

sura = wani, kêndêl, linuwih.

sura duhita = widadari, putri linuwih.

sura wadu = widadari, putri linuwih.

suralaya = kadewan.

suraya = gêgêdhug, kêndêl.

surastri = sulastri: widadari.

suka = bungah, sênêng. kasukan: kasênêngan, suka-suka, sênêng-sênêng, bungah-bungah.

sukarta = rêngga, aru-biru, sruwe.

sukra = dina Jumuah, cèlèng.

sudama = lintang, bodho bangêt.

sudarsana = darsana: tuladan bêcik.

sudarma = bapa, bêcik. sudarman: kabêcikan.

sudra = sangsara, asor nistha.

sudira = kêndêl.

--- 78 ---

sudibya = linuwih

suta = anak.

sutikna = sutikna: landhêp, anggitan.

susra = suwur. kasusra: kasuwur.

susila = patrap bêcik.

suweda = sweda: driji.

sulayah = angglimpang, klumah.

sulah = slumbat, sunduk, sujèn.

sulaksana = awak.

sulastri = widadari, patrêm.

supadi = supadiya: supaya.

sujita = turune wong linuwih.

suyati = pandhita.

suyasa = yasa: dalêm.

sumawana = apadene.

sumantri = mantri linuwih, patih.

sumarsana = kêmbang kanthil.

--- 79 ---

sumêne = sumaya.

sumêngka = munggah.

sumirat = sumorot, gumêbyar.

sumyar = ambyar, sumêbar.

sugata = suguh. pasugatan: suguhan.

subadya = subadi: santasa.[9]

sundara = bêkisar, sawangan.

sunya = suwêng.

sumbaga = misuwur, gunasêkti. sugih sumbaga: sugih guna sêkti.

sung = awèh. sinung: diwènèhi. kasung: katur. pisungsung: pawèwèh.

sungkawa = susah.

sru = sêro,[10] bangêt.

sênên = sorot, cahya.

sêca = sêtiya: têmên.

sêrah = suruh.

sêrang = têmpuh, trajang. nêrang, manrang: nêmpuh, nrajang.

sêkung = adrêng, bangêt.

--- 80 ---

sêkêl = susah.

sêlah = kêmbên.

sêbit = suwèk. sinêbit: disuwèk.

sêndhaya = para nyai.

srênggala = asu, asu ajêg.[11]

Wa

wahana = banyu, tunggangan. wadiya wahana: prajurit jaranan.

wail = pancing.

waudadi = sagara.

wauwa = wawa.[12]

wanara = kêthèk.

wanadri = alas pagunungan.

wanawasa = alas ngrètèk, alas trataban.

wanarga = wana arga, wanagiri: alas pagunungan.

wanita = wadon.

wanodya = wadon.

--- 81 ---

wacana = gunêm, cêlathu.

wacu = klambi. wacu kambala: klambi ôntra kusuma.

wara = wadon, linuwih. wara sêmbadra, wara srikandhi. wara hastra: gêgaman linuwih, panah. wara duita: putri linuwih, widadari. wara wadu: putri linuwih, widadari. dwijawara: guru linuwih, pandhita gêdhe.

wara taruna = jaka, jêjaka.

wara taruni = prawan.

wara sana = dhampar palênggahaning ratu.

wara wirêsmi = rêmbulan.

warana = aling-aling, wêsi.

warayang = panah, bêdhil, gênthong.

warastra = wara astra: gêgaman linuwih, panah.

warang = pacang, pingit, sêngkêr. warangan: pacangan, pingitan, sêngkêran.

waranggana = widadari.

warêgung = gudhe.

warih = banyu.

wadya = bala. wadiyawahana: prajurit jaranan.

--- 82 ---

wadanta = widara.

wadu = wadon, putri. narpawadu: ratu putri. warawadu: putri linuwih, widadari.

wati = jagad. cakrawati: jagad bundêr. dwarawati: lawanging jagad.

wasa = rusak, sêdhêng. wanawasa: alas rusak, alas trataban, alas ngrètèk.

wasi = pandhita, sabab.

wasita = pitutur. darmawasita: pitutur bêcik.

wasir = wasèrèn: nayaka, panggêdhe.

wasistha = wicaksana.

wawa = gawa, tandhing. wawan: gawan. winawa: digawa. wawan sabda: tandhing gunêm, padu.

wala = bocah.

waluya = slamêt, waras.

waju = klambi. waju kambala: klambi ôntra kusuma.

waya = banyu.

wayasa = wyasa: gagak.

waga = pawadonan.

--- 83 ---

wahya = wêtu, lair. kawahya: kawêtu, kalair.

wahdat = wadat: ijèn.

wanda = wônda: awak.

wandawa = sanak, kulawarga.

wandu = sanak.

wantu = bantu, watak, winantu: kabantu. mawantu: ambantu.

wanteya = manuk garudha, luhur.

warna = banyu, ucap, crita. winarna, kawarna: kocap, kacrita.

wardaya = ati.

wardugangga = lintah.

warsa = warsi: udan, taun. triwarsa: têlung taun. warsaya: mangsa rêndhêng.

warsita = wursita: ucap, crita, winursita, kawarsita: kocap, kacrita.

waktra = rai. nayaka waktra: patih.

wastra = jarit.

wastu = èstu, masthi.

waswa = wastu: èstu, masthi, têmênan.

--- 84 ---

waspa = êluh.

walgita = layang.

wancak = walang, palang. wancak driya, walang kayun: walang ati, sumêlang. walang sangkêr: wêwalêr.

wakawa =[13] awang-uwung, kêkuwung, kluwung.

wangsa = wangsa: bangsa, sanak.

wangwang = banjur, nuli.

wra = mawra: warata, sumêbar.

wraha = cèlèng, warata.

wrahat = arahan. wrahat bala: bala arahan.

wrahatsari = kêmbang cêpaka.

wratmaka = kêmbang gambir.

wi = luwih, bangêt.

wihara = wiyara: patapan, susah.

winata = kêmbang tunjung.

winaya = anggang-anggang.

winarna = kocap, kacrita.

--- 85 ---

winiwi = wira-wiri.

wicara = gunêm, ujar.

wicitra = rupa luwih bêcik, ayu bangêt.

wira = prajurit, pêngpêngan, panggêdhe, kuwasa. wira utama, wirotama: prajurit utama.

wirangrong = susah, kedanan.

wirong = susah, purik, pasang, rimong.

wirungan = pawon.

wikan = wêruh.

wiku = pandhita. sangawiku: sang pandhita.

widada = tulus, lêstari.

widadara = dewa.

widayaka = pujangga.

widayat = pulung, wahyu.

widagda = limpat putus.

widi = dewa.

widik = keblat papat, awang-awang. widik-widik: awang-awang, katon sadhela.

--- 86 ---

widigda = alun, putus, luwih limpat.

widung = kupu.

witana = sitinggil.

witaradya = bangsa luhur, trahe wong mêngku nagara.

wisata = lêlaku, lunga, lêlungan.

wisaya = panggawe, piranti, paeka. misaya: golèk.

wisesa = kuwasa. misesa: nguwasani, ngêrèh. kawisesa: kêrèh. mantri wisesa, mantri sesa: mantri kuwasa, patih.

wiso = iso: usus.

wisuna = wisa linuwih, wisa mandi.

wisudha = unggah. misudha: ngunggahake. kawisudha: diunggahake.

wiwaha = rêngga, bêcik, adi. wiwahan: rêrênggan. pamiwaha: pangrêngga.

wiwara = lawang.

wiwaga = piranti.

wila = maja. wilatikta: maja pait.

wilaca = limpe. winilaca, kawilaca: dilimpe, dilimpèkake.

wilasa = wêlas, pêlêm.

--- 87 ---

wilasita = êlèng.

wilapa = layang.

wilaja = maja alasan, wulu cumbu.

wilaya = lêpas.

wilaba = andaru.

wilis = ijo.

wipra = pandhita.

wipanca = dlima.

widhe = lêncir.

wijah = bungah. mawijah-wijah: bungah-bungah.

wijaya = unggul, mênang. wijaya kusuma: kêmbang kang unggul dhewe.

wijayanti = luwih unggul, luwih sêkti.

wijil = wêtu. mijil: mêtu: kawijil: kawêtu.

wiyara = wiyar, patapan.

wiyadi = susah.

wiyata = wulang. pawiyatan: pamulangan.

--- 88 ---

wiyati = awang-awang, langit.

wiyat = awiyat: awang-awang.

wiyoga = susah.

wiyôngga = kodhok.

wimala = luwih lara, lara bangêt.

wimursita = mursita: klêngêr, sumaput, tiba.

wigati = pêrlu, luwih pêrlu.

wigêna = prihatin, susah.

wibawa = mukti, kawibawan: kamuktèn.

wibajra = angin linuwih, prahara.

wibi = biyung.

winda = ambu, wisa. windaka: ambon-ambon.

windu = wayu. windu tirta: banyu wayu.

wirya = luhur, mukti. wiryawan: kaluhuran, kamuktèn.

wisma = omah, wismaka: kêthu.

wima = wêtu. mimba: mêtu.

wimbuh = wuwuh.

--- 89 ---

wignya = pintêr.

wingwrin = wêdi, giris.

wrin = wêruh. tanwrin: ora wêruh.

wriga = kidang.

we = banyu.

wèni = rambut.

wèri = mungsuh.

weda = wedha. wediya: ngèlmu, kawruh.

wèstri = bêbaya. jaga wèstri: jaga baya.

wèsthi = pakewuh, bêbaya. jaga wèsthi: jaga baya.

wèdha = gêni.

wre = kêthèk.

wônda = awak, wujud.

wot = êmot, oyod. winot: diêmot.

wotsari = wot santun: nyêmbah.

wot sinom = nyêmbah.

wong = êmong. winongwong, winong-wong, winong: diêmong.

--- 90 ---

wurahan = sumêbar, gègèran.

wuri = buri. kawuri: kapungkur.

wuruk = kusir.

wukir = gunung.

wuduk = gurih. sêga wuduk: sêga gurih.

wuwus = wêtu, gunêm, ujar tangis.

wulan = rêmbulan.

wulangun = sêngsêm, kangên, sumêlang.

wulinga = berag, bêsus.

wuling = uling.

wulon = rambutan.

wuyung = susah. wayang-wuyung: susah bangêt, poyang-paying.

wuntat = buri. kawuntat: kapungkur.

wuntu = buntu.

wurya = wiwit, katon, wuryan: wiwitan, tontonan. tigas kawuryan: anyar katon.

wursita = ucap, crita. winursita, kawursita: kocap, kacrita.

--- 91 ---

wuk = uwuk, suwuk: wurung.

wênês = mêlês.

wêca-wêca = bangkong, kongkang.

wêruju = waruju: wuragil.

wêka = anak.

wêdari = taman. sriwêdari =: tamaning ratu.

wêtis = pace.

wêlada = woh êlo.

wêlagar = obong. kawêlagar: kaobong, kobong.

wêgang = tikus.

wêgig = putus, pintêr, baud.

wêrcita = cacing.

wêrka = wrêka: ulêr.

wêrdi = jarwa, andadi, akèh wohe.

wêrjit = cacing.

wrêsa = udan.

wrês = dêrês.

--- 92 ---

wrêsti = udan.

wrêdha = tuwa. mantri wêrdha: patih.

wrêksa = kayu.

wrêgil = wêrgil: paran, ênggon.

La

lahita = gada.

lana = langgêng, lêstari, jajah. lêlana, malana: anjajah.

lanat = cucuk. lumanat: nucuk.

larwan = laron.

laris = laku. lumaris: lumaku.

larung = kèli, labuh.

ladrang = lancap.

lata = oyod.

latuha = lumut.

latak = latêk: êndhut.

latang = latêng.

--- 93 ---

lawana = pêdhês.

lawan = karo, sarta, mungsuh, timbang. lawanan: timbangan, mungsuhan.

lawad = lumawad: awor.

lawat = lawata: muluk.

lawiya = wajib.

lawu = pêrèng,[14] èrèng-èrèng.

lawun = pêdhut.

lawung = umbaran, ngamuk, landheyan.

lawên = sorot, cahya.

lalahi = saradan.

lalawora = lalawara: tanpa gawe, ala nganggur.

lalang = alang-alang.

lalis = mati.

lapa = luwe, ngêlih.

ladha = lombok.

laju = têrus.

laya = alaya, pralaya, malaya: mati.

--- 94 ---

layap = liyêp, rayap.

lanyo = umuk.

lama = lawas.

lamun = yèn, manawa.

laga = pêrang, paprangan. palagan: paprangan.

lagya = lagi.

langên = sênêng. lêlangên: sênêng-sênêng. kalangênan: kasênêngan.

langon = langên: sênêng. lêlangon: sênêng-sênêng.

langun = langên: sênêng.

landhi = mênjangan rangkah.

larwa = gangsir.

laksana = laku. lumaksana: lumaku.

laksita = laku. lumaksita: lumaku.

laklak = têlak.

lancar = lêpas, lumancar: lumêpas, nglêpasi.

lanji = lunyu, lonthe.

lamlam = sênêng. nglamlami: nyênyênêng.

--- 95 ---

lampita = pralampita: pralambang, pasêmon.

lampus = mati.

lambang = ijol. lambang sari, lambang santun: ijol sari, cumbana, bedhangan.

lagnyana = wuda.

langkap = gandhewa. mênthang langkap: mênthang gandhewa.

langking = irêng. pête langking: pête irêng, kêdhawung.

linang = ilang, pindêng, luminang: mêndêng, ngrusak.

lirip = towong, kêndhat.

lidhah = ilat, kilat.

lidhi = sada.

limaya = jêruk.

limut = lali. linalimut: dilali-lali.

limus = timun.

lindhih = tumpang, tindhih. lumindhih: numpang, nindhih, nindhihi.

lindhung = lindhu, aling-aling.

lir = pêdhot, kaya, kabèh. saliring: sakabèhing.

--- 96 ---

lirwa = cidra, tinggal, rèmèh.

liklik = sêntil.

listya = alus, endah, bêcik, ayu. sulistiya: wong ayu.

limput = kêmul, aling-aling, kodhêng.

limbang = iling. lumimbang, nglimbang: ngiling.

limbe = kimpul.

lingga = adêg, pundhi, sunggi. kalingga: kaadêg, kapundhi, kasunggi. dahat kalingga murda: disunggi-sunggi bangêt, dipundhi-pundhi bangêt.

linggar = oncat, lunga, linggaran: lungan.

lena = mati.

lèjêm = lêjêm: sêmuning rai.

lèn = liya. tarlèn: ora liya.

lèndhi = lonthe.

lembak = kambang. lembak-lembak: kambang-kambang.

lona = pêdhês.

locana = êluh, pasuluhan, urang-uranging mata.

--- 97 ---

locita = unandika, graita. nglocita: ngunandika, anggraita, ngangên-angên.

loka = jagad. loka endra, lokendra: jagad linuwih, kahyangane bathara endra. loka pala: wohing jagad. lokananta, lokanônta: watêsing jagad, pungkasaning jagad, gamêlan ing suralaya. triloka: jagad têlu, jagad têtêlu.

lowe = luwing.

londho = kêndho.

luhung = adi, angur, aluwung.

lunas = mati.

lukita = têmbung.

luda = tlutuh.

ludaka = cêthik.

ludra = dewa, srêngên, nêpsu, galak.

ludira = rudira: gêtih.

lusi = cacing.

lulus = lêstari.

lupa = marlupa: lungkrah, lêmês, lêsu, lali.

ludhaha = banyu idu.

--- 98 ---

lumalat = nonton, andêlêng.

lumrang = warata, ngambar, sumêbar.

lumung = duwe êlung, ngêlung.

luba = murka, kêthaha.

lungaya = gulu.

lungid = anggitan, landhêp, gathèkan.

lunda = alun.

lungsir = sutra.

lêtuh = buthêk, bukêt, rêgêd.

lêlayu = gêndera.

lêmak = gajih.

lêguta = kulina, udi, rêmbug. linêguta: diudi, dibudi, dikulinakake, dirêmbug.

lêngis = wit waru.

lêntur = lêmês.

lêntang = lumah. lumêntang: mlumah.

lênjing = alu.

--- 99 ---

lêmbi = walang.

lêmbora = iwak tômbra.

lêbda = lêmês, pintêr, olèh. lêbda jiwa: olèh urip.

lêngka = pait, langu.

lêngkawa = teja, kêkuwung.

lênglêng = sêngsêm, asri, dhêlêg-dhêlêg.

lênggana = langgana: sungkan, suthik, mopo. datan lênggana: ora mopo, saguh. langganan: sungkanan.

Pa

pahala = pakolèh, pituwas.

pahat = pêrês, pipit, saring sarana umêb.

pail = oncat. pailan: mangsa koncatan pangan.

paing = gêthing.

pae = beda, seje.

paès = ilo. paesan: pangilon.

pahom = puja, mahom: muja. pahoman: pamujan.

--- 100 ---

panaha = pangira.

panahên = pangampêt.

panalika = paniti priksa, pamriksa.

panasbaran = brangasan.

pani = godhoh, kuping.

panika = kalam, palanangan.

panon = pandêlêng.

panukma = panêlik, panitis, samun.

panêkar = priyayi cilik.

panêpi = sèrèt, sèrèting sêmbêt.

panêmbung = panggitik, cêmêthi.

pacara = kêna supata.

pacima = kulon, pacimatara: lor kulon.

pacu = sikut.

para = kowe, raka para: kakangmu.

parahi = timun

parama = linuwih. parama sastra: tulis kang linuwih. parama yoga.

--- 101 ---

paran = apa, kapriye, kêmbang gêdhang. ana paran: ana apa. kadi paran: kaya apa, kapriye. paran darunanira: apa sababe, kapriye sababe.

parasdya = rasaning ati.

parangmuka = satru, mungsuh.

pari = luwih. parimurti: linuwih. parimarma: luwih wêlas, wêlas bangêt, kawêlasan, pangowêl, pangeman. paribasa: basa kang linuwih. paripurna: rampung têmênan, rampung-rampungan. pariminta.

paris = tamèng.

pakarti = panggawe, pagawean. pakartinya: pagaweane.

pakirtya = panggawe. makirtiya: anggawe, gawe.

pakuwon = pamondhokan.

pakênira = kowe.

pada = sikil, ênggon. marcapada: ênggon uwong, jagad, donya. ngèstupada, nguswa pada: ngabêkti.

padarakan = urakan. pidak padarakan: turune wong urakan.

paduka = sampeyan, sikil, trumpah.

patani = ambèn, èmpèr.

--- 102 ---

pataka = bilai, mati.

patra = godhong.

patik = trètès. pinatik: tinrètès.

patikbra = kawula.

patêmbaya = prajangji, sêmaya.

pasraman = patapan.

paso = jêmbangan.

pawana = angin. pawanan: kanginan.

pawaka = gêni.

pawal = krikil.

pawitra = bêning, rêsik.

pawitarja = dhêdhasar bêcik. rèh-pawitarja: dhêdhasar pratingkah bêcik.

pawongan = para nyai.

pala = woh. pala rêkta: woh abang, bolu. pala gumantung: woh gumantung.

palana = lapak, lapak gajah.

palakrama = pala-krami: salaki-rabi.

--- 103 ---

palastra = mati.

palastha = rampung.

palam = daging.

paliyas = pangluput. paliyasan: pangluputan.

palôngka = dhampar.

palupi = tuladha, lêpiyan.

palugon = paprangan.

papa = asor, cilaka, nistha. papasana: naraka.

padhêm = mati, pinadhêm: dipatèni.

pajampuwa = muga-muga.

pajang = rêngga. pinajang: dirêngga. pajangan: rêrênggan. majang: ngrêngga.

pajungkungan = pamujan.

payudara = susu.

payudan = paprangan.

payuh = ukêl.

payus = pucêt, kucêm.

--- 104 ---

pama = upama

pamasa = ratu.

pamihat = pandêlêng.

pamilawa = jagal.

pagut = tarung, têmpuh, tuju. magut: narungi, nuju, nêmpuh.

pangasih = sumur, pucuk, poncot.

pangastuti = pangabêkti.

pangrawit = pangrajang.

pandara = rêngga. mandara: ngrêngga. pinandara: rinêngga. pinandara sanggyaning pahargyan: rinêngga sakèhing kahurmatan.

pandaya = piranti, paeka.

pandak = tlatèn.

pandam = diyan, pêpadhang.

pandêling = pangucap.

pantaka = pati, mati.

panti = omah.

pantèn = thole, ênggèr.

--- 105 ---

pantên = pari.

pandhana = pandhan.

pandhaya = julik.

pandhak = cebol.

pandhe = pintêr.

pandhuya = pintêr, baud.

pandhêm = balang, bandhêm.

parwata = gunung.

parwasa = rusak, têmpuh, trajang. marwasa, mrawasa: ngrusak, nêmpuh, nrajang.

parpat = kumpul, klumpuk. marpat: ngumpulake, nglumpukake.

parjaya = trajang, têmpuh, suduk, tiwas. marjaya: nêmpuh, nyuduk. pinarjaya: ditrajang, disuduk.

parma = kanugrahan.

paksa = pêksa: uwang, bau, swiwi. paksi: kang aswiwi, manuk.

padni = ratu putri.

padma = kêmbang tunjung.

--- 106 ---

padmasana = dhampar.

pascima = kulon.

palwa = prau.

palwaga = kêthèk.

panjuta = ting, obor, diyan.

prana = ati, tuju, kapranan: katuju.

pranaja = dhadha.

pracadi = pracaya.

pracalita = thathit, kilat.

pracika = kalajêngking.

pracima = kulon.

pracôndha = prahara.

pracondhang = tiwas, tatu. kapracondhang: katiwasan, kataton.

prakatha = surak, rame, gumuruh, gumêdêr.

prakuswa = putus, rosa.

prakêmpa = gonjing.

pradana = ganjaran, loma.

--- 107 ---

pradata = paradata: para padu, jêksa.

pradipta = urub, gêbyar. mradipta: murup, gumêbyar. pradiptaya: luwih gumêbyar.

pradôngga = gamêlan.

pratala = lêmah, sapsapaning lêmah. saptapratala: lêmah warna pitu, lêmah sap pitu.

pratama = bêcik, putus, pambarêp. yoga pratama, pratama yoga: anak pambarêp.

pratiwa = priyayi, mantri, punggawa.

pratiwi = lêmah.

pratipa = lesus.

pratima = golèk.

pratistha = manggon, mungguh.

pratignya = prajangji.

pratônggapati = srêngenge.

praswa = githok.

prasida = lêstari, sida, têkan.

--- 108 ---

prasêdya = karêp, sêdiya.

prasêtya = prajangji, katêmênan.

prawa = cahya, sorot. prawan: kang duwe cahya, kang duwe sorot.

prawata = gunung.

prawira = prajurit, pêng-pêngan.

prawita = jalaran, wêwinih.

pralaya = mati.

pralampita = pralambang, pasêmon.

pralêbda = pakolèh, pintêr, prigêl.

praja = nagara.

prajaka = kongkonan.

prajaya = tiwas, trajang, têmpuh, suduk. kaprajaya: katrajang, kasuduk.

praya = pikir, karêp, ati.

pramati = linuwih, pêng-pêngan.

pramu = luwih, ômba, jêmbar. pramudita: luwih jêmbar. pramusesa: jajahan ômba.

pragya = susah.

--- 109 ---

pragalba = rosa, galak.

pragosa = kêthèk.

pragola = rukêt.

praba = sorot, cahya.

prabu = ratu, pantês.

prastawa = awas, têrang, dhamang.

prastha = pasangan tikus, githok.

prasthi = alis, sêdiya.

prapta = têka, têkan.

prambayun = susu, pangarêp.

priya = lanang.

priyôngga = dhewe, ijèn.

pribadi = dhewe, ijèn.

pringga = bêbaya, pakewuh. wana pringga: alas kang ambêbayani, alas gêdhe. surapringga: surabaya.

pine = beda. kapine: kabeda. bau kapine: bau kabeda, pilih asih.

picis = dhuwit. maspicis: dhuwit mas.

--- 110 ---

pikut = cêkêl. pinikut: dicêkêl.

pidana = ukuman.

pita = kuning. jalak pita: podhang. kunir pita: têmu.

pilangên = cumbana. kêmbang pilangên.

pidhir = wêdi.

piyarsa = pyarsa: prungu. kapiyarsa, kapyarsa: kaprungu.

piyuh = dèrès.

pingul = putih.

pindêl = bisu.

pindha = kaya, èmpêr.

pirma = eman, wêlas, owêl.

pingging = bodho.

pelag = bêcik, bagus.

peya = panas.

pendah = kukuh, beda, luwih.

pendhe = pêdhang.

pèt = cêkêl, jupuk. pinèt: dicêkêl, dijupuk.

--- 111 ---

ponang = punang: kang, sing.

pônca = lima. pôncaindriya, pônca-ndriya: rasa lêlima. pônca weda: ngèlmu lêlima. pônca baya: bêbaya lima.

pôncakara = tarung, padu, kêrêngan.

pôncawôra = prahara.

pôncaniti = pasowanan.

puha = lara.

puhara = puwara: wêkasan, têmahan.

puhi = manasi, mêrês.

puhun = jêmpol.

puna = pulih.

punagi = punagya: kaul, nadar, jangji.

punah = rusak, sirna. pamunah: pangrusak.

punar = kuning. sêga punar: sêga kuning.

pura = puri: kraton. purana: papaning kraton.

purusa = pêksa, palanangan, lanang.

puruhita = maguru, anggêguru. [anggê...]

--- 112 ---

[...guru.]

pukulun = gusti, panjênêngan dalêm.

pusara = tali.

pusika = kucing.

puwa-puwa = panasan, panasatèn, mêmanasi.

puwun = jêmpol.

pupuh = gitik, campur, campuh. pêrang pupuh: pêrang campuh.

pudhaka = kêmbang pandhan.

puyi = gêni.

puyika = gêni.

puyuh = gêmak.

punya = duwe.

purna = rampung. pari-purna: rampung-rampungan, rampung têmênan.

purwa = wiwit, wetan. purwa-duksina: kidul wetan. murwani: miwiti. purwaka: wiwitan, bêbuka, pambuka.

pustaka = layang, buku. pustaka-warti: layang kabar. radiya pustaka: layang nagara, buku nagara. bale pustaka: gudhang buku.

puspa = kêmbang. puspa krêsna: kêmbang têlasih.

--- 113 ---

puspita = kêmbang.

pusthi = cêkêl. pinusthi: dicêkêl.

punghas = wêkasan. punghaskala: jaman wêkasan, kiyamat, wêktu wêkasan.

punggung = bodho.

pênat = sayah.

pênuh = kêbak.

pênêd = bêcik, asri.

pêra = akas.

pêrot = usus.

pêkathik = tukang ngarit.

pêkik = bagus.

pêlari = lêrak.

pêndil = pêthil.

Dha

dhaèng = panji.

--- 114 ---

dhanu = mega, mêndhung, gandhewa.

dhara = dara: prawan, wêtêng. sasadhara: lintang gêdhe, rêmbulan.

dhatu = ratu. kêdhaton, dhatulaya: kraton.

dhadhak = tlutuh, sabab, jalaran. dhadhakan: sabab, jalaran.

dhandhang = gagak.

dhag = lowong. didhagake: dilowongake. ngêdhag-êdhag: barang tanpa isi tutupe kabukak. ngadhag-adhag: tanpa rewang, tanpa kônca (tumrap wong lara).

dhangkak = bucu.

dhangdhi = gogor.

dhihin = dhisik.

dhiri = awak.

dhingin = dhisik.

dhindhing = aling-aling.

dhepok = patapan. mardhepok, dhêdhepok: manggon ing patapan.

dho = pindho: loro. dhomas: wolung atus.

dhucung = unggul. rêbut dhucung: rêbut unggul.

--- 115 ---

dhukut = sukêt.

dhustha = ala, maling.

dhêdhêp = sirêp, lêrêp.

dhêndha = gada, gitik. bau dhêndha.

dhêstha = ganjil.

dhêsthi = piala, alis. andhêsthi: miala.

drêstha = siyung.

Ja

jana = wong, gajah. durjana: wong ala.

janawi = kali, banyu.

janela = cêndhela.

jati = tuhu, têmên. anjatèni: nuhoni.

jawata = dewa.

jawat = gêpok, senggol, êlar. anjawat: nyenggol, ngaruh-aruhi.

jalanidhi = jala nidi: sagara.

jaladri = jaladhi: sagara.

--- 116 ---

jaladha = mêndhung.

jalagra = riyak.

jalu = lanang.

jaludha = gadhing. jaludha tata gati: gadhing kêmbar.

jaya = unggul, pêng-pêngan, sêkti.

jamul = irêng mêlês. waja jamul: untu sisig.

jabang = bocah.

jatha = siyung.

jahning = banyu.

janma = titis, uwong. manjanma: nitis.

jalma = janmi: uwong.

janggala = kagila-gila.

jinêm = turu, mênêng. jinêmrum, jinêm wangi: paturon.

jirak = kapundhung.

jiwangga = awak.

jinjing = jinjit, cincing.

jimbun = kawak.

--- 117 ---

jingga = abang.

jegos = bisa.

johar = sêsôtia.

jodhi = tiwas, asor. anjodhi: gawe tiwas, ngasorake.

jor = asor, rusak. anjor: ngrusak.

jro = jêro, sajrone.

jurit = pêrang. prajurit: wong kang gawene pêrang.

juti = ala, panggawe ala.

juwita = putri.

jumantara = awang-awang.

juga = siji, ijèn.

jugul = bodho, boncis.

jum = tata, dum. anjum asta: salaman.

jênar = kuning.

jêring = jengkol.

jêngku = dhêngkul.

jrênih = bêning, rêsik, têrang. jinrênih: ditêrangake.

--- 118 ---

Ya

yadi = birahi.

yata = sigêg, mangkene.

yasa = gawe, dalêm.suyasa: dalêm.

yayah = kaya, bapa. yayah kadi: kaya.

yayi = adhi.

yama = jêksa. titikaning yama mungguh: mungguh pamriksaning jêksa.

ywa = aja.

yaksa = buta.

yatna = awas, prayitna, eling.

yatma = yatmaka: nyawa, urip.

yyang-yyang = dewa.

yeka = yèku: iya iku. yèki: iya iki. yèkang: iya iku kang.

yowati = prawan.

yoga = anak, tapa, bêcik. yoga brata: laku bêcik, laku tapa, mêmuja.

yogya = bêcik, prayoga.

--- 119 ---

yogi = bêcik, pandhita. sang ayogi: sang pandhita.

yuda = pêrang. payudan: paprangan. yuda gama: pêrang agama, pêrang sabil. yuda asmara, yudasmara: cumbana. yuda yana: lurahing pêrang.

yuwana = slamêt, tulus.

yuyud = tali.

yumana = ati bêcik, lêganing ati. kayumanan: kaslamêtan.

yuga = yoga: bêcik, prayoga, anak, puja, tapa.

yun = arêp, kapengin. ngayun: ngarêp. pangayunan: ngarêpan. ayun uninga: arêp wêruh, kapengin wêruh. kayun: karêp. kayuyun: kasêngsêm.

yukti = yêkti: têmên, bêcik.

yungyun = sêngsêm, eram. kayungyun: kasêngsêm.

Nya

nyarawidya = nyoroh wadi, nyara wèdi.

nyarandu = mratani, ngratani.

--- 120 ---

nyakrawati = ngubêngi jagad.

nyawung = ambarêng, nganggit, ngêmban.

nyarwètèh = anèh, ora lumrah.

nyidhikara = nyidhikara: muja môntra.

nyitra = nulis, ngrupa.

nyintaka = kaya manuk cêkaklak.

nyu = ênyu: krambil, cêngkir.

nyudênta = ngênyu dênta: ngrambil gadhing, nyêngkir gadhing.

nyuluh = nyoloki, ngobori.

nyugata = nyuguh.

nyundaka = nêlik.

nyêrang = nêmpuh, nrajang.

nyêtha = ambadhe, ambatang.

nyênggut = nyêbrak, nyêndhal.

--- 121 ---

Ma

maha = luwih. maha agung: luwih agung. maha wikan: luwih priksa. maha tirta: banyu agung, banyu gêdhe. maha dwija: pandhita gêdhe. maha rasa: panah linuwih. maha jana: wong linuwih. maha japa: puja linuwih.

mahawan = ngambah, ngliwati.

mahat = mêrês, ngêpuh, nyaring sarana umob.

mahatma = wêkasan.

mahas = nusup, manggon ing pasêpèn.

mahyas = maèsi, ngrêngga.

mahya = alok.

maèswara = maiswara: ratu.

maèrtambang = mêtêng.

maom = muja.

mausadi = jamu, tamba.

maup = mêmule.

mana = ati. yumana: lêganing ati, ati bêcik. kayu manan: kaslamêtan.

--- 122 ---

manahên = nahan, ngampêt, nyandhêt, mênggak.

manaruhi = notohi.

manadukara = jumurung, anjurungi, ngrujuki, ambiyantoni.

manawung = nganggit, ambarêngi.

manawur = nyêbar.

manadha wara = matur.

manabda = calathu, kôndha.

manira = aku.

manitra = nulis.

manilib = nyilib, andhêlik.

maniyup = nyêbul, andamu, nepasi.

manik = sêsotiya. manikmaya: sêsotiya linuwih, sêsotiya gumilang. manik nawa rêtna: sêsotiyawarna sanga.

maneka warna = maneka-neka: warna-warna, mônca warna.

manèp = nglimpe.

manrang = nunjang, nêmpuh, nrajang.

manuwara = ngrêsêpake, tanduk manis, ngarih-arih.

--- 123 ---

manukma = nitis, nêlik, nyamun.

manundha = nungsun, ngundha.

manungku = mêlêng. manungku puja: mêlêng mêmuja.

manêkung = mêmuja.

manêbah = ngadoh. nêbak.

manêngkung = monêngkung: nyêrêng, mêsu, marsudi bangêt.

macarana = ngrêngga.

macu = nyikut.

mara = aku, ayo.

marawaya = mrawaya: mili, andalèwèr. marawayan, mrawayan: dlèwèran.

marikêlu = andhêkukul.

marindang = anggorèng.

maru = timbang, sisih, tandhing.

maruta = angin.

marêki = nyêdhaki.

makala = kancil.

madura = madu: lêgi.

--- 124 ---

madukara = kombang.

madubrata = kombang.

madya = sêdhêng, têngah, samadiya: sêdhêngan, gajah.

madya gantang = awang-awang.

madyantara = awang-awang.

mataya = anjogèt, ngigêl.

matis = adhêm, kadhêmên, krasa adhêm.

matyas = mikir.

masih = maksih. misih: isah.[15]

mawantu = mantu, ambantu.

mawra = warata.

mawèh = gawe.

mawur = sumêbar, nyêbar.

mawuk = murungake, ngamuk.

mawrung = mamprung.

mawêrdi = andadi, tulus.

malaya = lêpas, mlana, lêlana.

--- 125 ---

malat = nênangi, golèk. malatkung: nênangi susah, golèk susah. malat sih: golèk asih.

maleca = cidra. maleca ing jangji: cidra ing jangji.

malela = lêmbut.

maluya = bali.

malêtik = mancolot.

mla = mlê: kêcut.

maya = gumilang, bêning, padhang. maya-maya: gilang-gumilang.

mamak = lamur, picak.

mami = aku.

magut = nrajang, nêmpuh, narungi.

mabonglot = oncat, nglungani, ngoncati.

mangayu bagya = anjurungi, ngrujuki, ambiyantoni.

mangamêr = ngarih-arih, ngrêrapu.

manglah = lara.

mangu = mandhêg tumulih.

--- 126 ---

manguntur = sitinggil. manguntur tangkil: bangsal cilik ing sitinggil kanggo siniwaka.

mangimur = ngarih-arih, ngrêrapu, nglêlipur.

mangintya = ngincêng, nginjên.

mandana = ruwêd, bundhêt.

mandara = ngrêngga, maèsi.

mandari = mimi.

mandakini = bale kambang.

mandakiya = bale kambang.

mandata = madoni.

mandaya = nganggo piranti, maeka.

mandrawa = adoh.

mandira = mandera: wit waringin.

mandriya = mikir.

manduta = anduta: ngongkon, ngutus.

manduk = nuju.

mantya = luwih, bangêt. mantiyani: ngluwihi, sakamantiyan: ngluwihi, bangêt.

--- 127 ---

mantri wrêdha = mantri muka, mantri wisesa. mantri sesa: patih.

mandhaga = pantês.

mandhala = pulo, unèn-unèn, ênggon. mandhalasana: ênggon unèn-unèn.

mandhegani = manggêdhèni, nindhihi.

marna = ngrupa, ngrêngga, nganggit. marnani: rupa-rupa, ngrupakake, ngrênggani.

marca = uwong. marcapada: ênggon uwong, jagad. manusa pada: jagad.

markata = murub, ambranang, mêncorong.

mardawa = lêmês, alus. mardawani: nglêlêmêsi.

mardeya = gawe.

mardu = mêrdu: lêmês, alus.

martana = urip.

marta = adhêm.

martua = mara tuwa.

marpat = ngumpul, ngumpulake, nglumpukake.

marpêki = nyêdhaki, nyakêti.

--- 128 ---

maryana = ambudi.

marma = mula, wêlas. marmane: mulane. sumarma, pari marma: luwih wêlas.

marga = dalan. margalena: dalaning pati, dalane wong mati. samarga-marga: sadalan-dalan, turut dalan. marga suta: dalan bayi.

margana = angin, panah.

margadipa = marga pati: macan.

marbudi = nyipta, anggagas.

marbuk = sumrambah, warata, ngambar.

maksih = masih: isih.

matsika = klabang.

mas = patangatus. dhomas: wolung atus.

masma = angkêr.

masmu = sêmu.

mastuti = nyêmbah, ngabêkti, ngrujuki.

mancala = malik, malih. mancala putra: malik lanang. mancala putri: malik wadon.

--- 129 ---

manjanma = manjalma: nitis.

manjila = mêncil, andhewe, misah.

mangkara = gumêbyar. mangkara-kara: gumêbyar-gêbyar.

mangsêh = mangsah.

manggala = gajah, panggêdhe. manggalani: manggêdheni.

manggilut = ngudi, marsudi, mamah.

manggistha = manggis.

manggrui = nêmoni.

manggung = tansah, calon sêlir.

myang = sarta, karo, lan.

mranani = ngênani, nuju.

mracondhang = natoni, niwasi.

mradipta = murub, gumêbyar.

mrasada = anggêdhong.

mrawasa = ngrusak, nêmpuh, nrajang.

mrajaya = natoni, nêmpuh, nyuduk.

mrabawa = duwe prabawa.

--- 130 ---

miyarsa = krungu, ngrungu.

mina = iwak loh.

micapa = nubruk.

mirata = maras.

miraga = nglarani, gawe lara.

mirong = kêmul, masang, nganggo rimong.

miruda = minggat, lolos.

midosa = ngukum.

misrama = enak, mirasa.

misaya = miranti, golèk sarana piranti. misaya mina: golèk iwak.

miwah = sarta, karo, lan.

milangêni = malangoni:milangoni

gawe asri, gawe bungah, nyênêngake.

milir = ngèli.

miluta = ngarih-arih, mulasara, ngrêrapu.

miya = ngêndhoni.

miyatani = nyatani, nêmêni.

miyaga = miyagah, miyagahi: nguwasani.

--- 131 ---

miyat = nonton, andêlêng

minta = nglugas, anjaluk. mintaya: anjaluk. mintasraya: anjaluk tulung. minta raga: nglugas raga.

mimba = mêtu.

merang = isin, wirang.

mèdi = silit

mèsi = isi

mèpu = sumuk, panas, manasi.

mendaka = cêmpe.

mentar = mintar: lunga.

mèt = mèmèt: golèk.

mèstu = umèstu: nyêmbah, ngabêkti.

mènjèng = lonthe, kênès-mèndès.

moha = murka, kêthaha. drêmba-maha: drêmba tur kêthaha.

mohita = susah. kamoitan: kasusahan, nandhang susah.

moda = wêngku.

mojar = kôndha, calathu.

--- 132 ---

môndra = sugih, luwih.

mong = rimong, arimong: macan. mongging ranu: baya.

môngka = minôngka.

môngga = pisan, anggawêr, anggôndra, têgêg, datan môngga puliha: ora pisan pulih, ora anggôndra pulih.

muara = wêkasan, plabuhan.

munah = ngrusak, nglêbur.

munya = munya: muni.

muni = pandhita. muniwara: pandhita gêdhe. munindra: raja pandhita.

muram = nyimpang.

mure = modot. dirgamure: modot dawa.

muka = rai, mantrimuka: patih.

musika = tikus.

musrik = sêkuthu, madhani.

musus = nguyêg.

muwus = kôndha, nangis.

mudha = ênom. roning mudha: êlung. ratu mudha: ratu anom. mudha pangarsa: panggêdhe ôngka loro.

--- 133 ---

mundhing = kêbo.

murca = ilang, pisah, tiba. murcasing ngêmbanan: pisah saka êmbanan, tiba saka êmbanan.

murcita = klêngêr, sumaput, tiba.

murda = êndhas.

murti = cêcak, linuwih, tunggal. parimurti: linuwih, linuwih bangêt. trimurti: têluning atunggal. murti gung gora sabda: têkèk.

murba = nitahake. murbèng jagad: nitahake jagad.

muksa = musna, sirna anglês.

mungkar = ala.

mêne = saiki, mêngko.

mêjana = sêdhêng. dêdêg mêjana: dêdêg sêdhêngan.

mêlagar = ngobong, nglarag.

mêluk = ngrangkul.

mêta = ngamuk. gajah mêta: gajah ngamuk.

mêmêla = mêmêlas, mêlas asih.

mêrcu = marcu: gêni. mêrcon, mêrcon: dolanan kang mawa gêni.

--- 134 ---

mêpêk = mèh, andungkap.

Ga

gana = lanang, tawon.

ganal = agal, gêdhe.

gatra = êlèng.

gati = pêrlu, têmên, kêkêtêk, wigati: luwih pêrlu. anggatèkake: mêrlokake, nêmêni, tumêmên.

galiga = gliga: uci-uci.

galuh = prawan, wadon.

gapura = lawang, kori.

gadhung = ijo. gumadhung: ijo royo-royo, ijo ijone.

gagal = mrucut.

gagana = awang-awang.

gathita = êjam

gwah = mungguh, bab. gwah laksitaning jana: mungguh lakuning uwong.

--- 135 ---

gandya = wujud. gandyaning wônda: wujuding awak.

gandarwa = dewa, gêndruwo. gandarwa sura: dewa lanang.

gandês = pantês.

gantya = ganti.

gardaba = warak.

garjita = gagasan, angên-angên. anggarjita: anggagas, ngangên-angên.

garba = wêtêng, ringkês. garban: ringkêsan. ginarba: diringkês.

garbini = anggarbini: mêtêng.

gra = agra: pucak. sumêngka agraning wukir: munggah pucaking gunung.

grandim = jagung.

gya = banjur, nuli, enggal.

gambira = bungah, berag.

gambiralaya = sagara.

gambuh = dhamang, pintêr, prigêl.

gini = wadon: gana-gini: barange wong lanang wadon.

--- 136 ---

giri = gunung. wanagiri: alas pagunungan. girindra, giriwara: gunung gêdhe. girilaya: gunung bêbanjêngan, gunung kuburan.

girisa = kêkês, miris.

giro = gila: kagèt kêbogiro: kêbo kagèt (araning gêndhing).

gita = rikat, anggit. ginita: dianggit. gitaya: anggitan, gathèkan.

giwang = sêling.

gili = punthuk, gumuk, pulo. anggili prapta: kaya gumuk têka.

gile = tumbar, katumbar.

gilut = mamah, udi. manggilut: mamah, ngudi, marsudi.

giyota = prau.

griwa = githok, cêngêl.

gintungan = kusambi.

genda = dadah.

gora = gêdhe. gora sabda, goraswara: ambêngok, anggêro. gora pracôndha: prahara. goraya: luwih gêdhe.

goragadha = aru-biru, gludhug, umuk, pamèr.

--- 137 ---

gothaka = gêrbong, guwa, rata gothaka: kreta gêrbong, kreta tutupan, kreta pêtêng.

guna = kapintêran, pangasihan. kêna guna: kêna pangasihan. gunawan: kapintêran linuwih.

gunita = gunêm, rasan. ginitan: gunêman, rarasan. gumunita: anggunêm.

gutis = sikut.

guling = turu. gumuling: gumlindhing, gumlinting.

guluda = gorokan.

gupala = rêca.

gupita = budi, anggit. ginupita: diparsudi, dibudi dianggit.

gupuh = enggal.

gumulung = gumlundhung, glundhungan.

gubah = ronce, anggit. gubahan: roncèn. kagubah: kaanggit.

gundhala = trêbang.

guntur = gludhug.

gurnita = rame, gumuruh, gêlap.

--- 138 ---

gurniti = kilat.

gurnang = gong jumêgur.

gurda = kayu wringin, wit waringin.

gusthi = gunêm, rasan. ginusthi: digunêm, dirasani.

gul-gula = mênyan.

gung = agung: gêdhe.

gênêng = mênggêr, dhuwur, punthuk, gumuk.

gêrah = gludhug.

gêrot = bondhot, bulêd. alas gêrotan: alas bondhotan, alas gêdhe.

gêtêm = bêton kaluwih.

gêlar = tata. ginêlar: ditata. gêlaring prang: tataning prang.

gêpila = kêpila: putih.

gêmpang = sirna, rusak.

gêng-gêng = jèjèr-jèjèr.

grêndaka = banthèng kawak.

--- 139 ---

Ba

bahak = rayah. ambahak: ngrayah. ambêbahak: anjarah rayah.

bauwarna = gêlang.

bana = panah, alas gêdhe. banaarja, bana rêja, banarja: têgal, ara-ara.

banas = setan. banaspati: lêlêmbut gêni mêtu saka ing bumi.

banawa = prau.

bacira = alun-alun, ara-ara.

barong = gombyok. singa barong: macan duwe gombyok. barongan têtironing singa barong.

baruna = banyu.

barung = barêng. binarung: dibarêng.

baki = cèlèng.

basu = têkèk.

basuki = slamêt. andum basuki: andum slamêt.

bawana = jagad. tribawana: jagad têtêlu endrabawana: jagad linuwih. kadewan, kahyangan, suralaya.

bale = ambèn, omah. bale pustaka: gêdhong buku.

--- 140 ---

balendar = blèndèr: lunyu. blèndèran: lunyon, lonthe.

baluwarti = bètèng.

balênggi = blênggi: gombyok. blênggèn: nganggo gombyok.

badhong = pawadonan.

bajra = angin. bajrapati: prahara.

bayu = angin. bayubajra: prahara.

baga = pawadonan.

bagaskara = srêngenge.

bagya = bêgja, slamêt, bage. pambagya: pambage.

babu = biyung.

bathara = dewa.

bathari = widadari.

bathara gana = mega.

bathu = urun. bathon: urunan.

bah rubah = barubah: rusak. barubahing galih: rusaking ati.

bahna = banjir.

bahni = gêni.

--- 141 ---

bandana = beka, tali. kabandana: ditalèni.

bandarakan = padarakan: urakan. pidak bandarakan: turune wong urakan.

bantala = lêmah. bantala rêngka: nêla.

bandhung = gêdhe, sungsun. sumur bandhung: sumur gêdhe, sumur sungsun.

bangkit = bisa, pintêr.

baskara = srêngenge.

bagna = rusak, ilang, lêbur. bagnawirya: ilang kamuktène.

banjar = urut. bêbanjaran: urut-urutan. ambanjari: ngurut, mrênca.

bamban = wiwit.

bra = ratu, murub, ambranang, warata.

brana = barang, tatu. nandhang brana: nandhang tatu, kataton. rajabrana: rajaning barang, mas intên.

brakara = sulung.

brakithi = sêmut.

brata = laku, tapa. yogabrata: laku bêcik. tapa brata: laku tapa.

--- 142 ---

braja = gêgaman.

brama = gêni. bramastra: panah gêni.

bramantya = bramatiya: muring, nêpsu.

bramara = brêmara: kombang.

braminta = susah.

brahma = gêni.

brahmana = pandhita lanang.

brahmani = pandhita wadon.

brastha = rusak, lêbur.

brangti = susah, birai.

byantara = ngarêpan. ngabyantarane: ing ngarêpane.

byakta = yêkti, têmên. kabyaktan: kayêktènan.

byat = bwat: abot. kabyatan: kabotan.

bina = gila, anggilani. kabina-bina: kagila-gila.

birawa = bungah, muruh, luwih rowa.

birat = ilang.

bisama = wicaksana.

--- 143 ---

bisik = bisika: parab, juluk, jênêng. bêbisik: pêparab, jêjuluk.

bijang = pundhak.

bijaksana = wicaksana.

biyada = prawan, wong wadon.

biyas = pucêt, kucêm.

bima = anggêgilani.

bimana = abimana: linuwihing ati, ati bêcik.

bibi = biyung.

binda = tumpang. binda upaya: tumpanging paekan.

bintala = gandhewa.

biksa = lêlêmbut.

biksuka = sapi.

blitar = têmbaga.

blilu = bodho. bodho blilu: bodho bangêt. blilu tau: bodho nanging wis tau.

belu = jagang.

bèji = tlaga, sêndhang, blumbang.

bèngkas = ilang, rusak.

--- 144 ---

bolot = dhangkal, rêgêding awak. kokot bolot: gêbèl dhangkal.

boja = pangan. bojana: mangan. kêmbul bojana: pista. bojakrama: pasuguh, pambage.

boma = bomantara: awang-awang.

boga = pangan, rêjêki. sandhang boga: sandhang pangan. ngupa boga: golèk pangan.

bonglot = lunga, oncat. mabonglot: oncat, ngoncati, nglungani.

bônda = tlikung, tali, pêrang. bondawala: pêrang ijèn, pêrang tandhing. bondawala pati: pêrang ijèn rêbut pati. angrok bondawala pati: nglabuhi pêrang ijèn rêbut pati.

botrawi = sêndhang.

brôngta = birai, susah.

burat = borèh.

budaya = budi, pikir.

buwahpada = dlamakan.

buja = bau, tangan.

bujakara = kêlat bau.

--- 145 ---

bujôngga = ula gêdhe.

bumi = lêmah.

bungkul = wungkul: wutuh. bungkulan, wungkulan: wutuhan. sabungkul: sawutuh. wiji wungkul: wiji wutuh.

buntala = panah, gandhewa.

bêsta = bonda. kabêsta: kabonda.

bêntar = dhuwur. sitibêntar: sitinggil.

Nga

ngacari = ngancari: ngaturi.

ngacarani = ngancarani: ngaturi, ambagèkake.

ngacintya = andhêmêni.

ngaras = ngambung.

ngarip-arip = ngarêm-arêmi. pangarip-arip: pangarêp-arêp.

ngadiraga = ngasrèni awak, manganggo bêcik.

ngadiyah = ngluwihi.

ngawiyat = awang-awang.

--- 146 ---

ngalika = nêlik.

ngalul = ngulinakake.

ngalunapung = tansah nêpsu, têrus nêpsu.

ngapilangên = nyumbana.

ngayap = ngiringake, ngadhêp, ingayap: diiringake, diadhêp.

ngayubagya = jumurung, nayogyani.

nganyut = andudut. nganyut driya: andudut ati. nganyut tuwuh.

ngamandaka = gawe-gawe, doracara.

ngamêr = ngarih-arih, nglêmêsi, ngênêng-ênêngi.

ngandani = ambêciki.

ngantaka = matèni.

ngantyani = nganti, manganti: ngêntèni.

ngandhêmi = ngrungkêbi.

ngranuhi = saya krasa, muwuhi.

ngratika = nyipta.

ngrajaniti = ngadili.

ngrantam = nata, ngrancang, anggladhi, ngulinakake.

--- 147 ---

ngrantêg = ngiyêg-iyêg.

ngrancana = anggodha, nganggit, ngrêngga.

ngrancaka = ribêd.

ngaksi = nonton, andêlêng.

ngascaryani = anggumuni, ngeram-eramake.

ngastawa = nyêmbah, ngabêkti. pangastawèng ulun: pangabêkti kula.

ngastuti = nyêmbah, ngabêkti. nawala kanthi pangastuti hamba: sêrat saha pangabêkti kula.

ngasthaka = anggayuh, ngangkah.

nglancari = nglêpasi.

ngisapu = mangku.

ngimur = nglimur: nglipur, ngarih-arih.

nginte = nginjên. juru panginte: mata-mata, têlik.

ngisthawa = nyana.

ngimpun = ngumpulake.

nginggut = mlirik, nglirik, mlerok.

ngripta = nata, nganggit. pangripta: panata, panganggit, pangarang.

--- 148 ---

ngling = kôndha, calathu.

ngrima = anjambak.

ngèstrèni = anjurungi, ngrujuki, nêksèni.

ngèstupada = ngabêkti.

ngèpi = nyêbari.

nguni = biyèn, dhisik.

nguniwèh = utawa.

ngucup = ngucupi: nglêpasi. ingucup: dilêpasake.

nguruh = ngunthuk.

ngudara = mêtêng.

ngudakani = ngilèni banyu.

nguswa = ngambung.

ngulul = ngrêngga. pangulul: pangrêngga.

ngupadi = ngupaya, golèk, anggolèki.

ngujwala = sumorot.

ngujiwat = awèh ulat. ngujiwati: tansah awèh ulat. pujiwati: wong kang gawene awèh ulat.

--- 149 ---

ngumala = sumorot.

ngênguwung = sumorot, gumêbyar.

ngrujit = nyuwèk, nyuwir, nganggit.

ngrurah = ngrusak.

nglut = ngoyak, amburu, ngêsuk.

ngumbara = ngambara: mabur.

ngrumpaka = ngrupaka, rumapaka:[16]

nganggit, ngrêngga.

ngungkih = ngangkah, ngarah.

ngrompak = ambègal, ambajag.

ngong = aku.

ngongkal = nyongkèl, ambungkar, andhungkar.

ngêla-êla = ngeman-eman, andama-dama, ngalêmbana. ingêla-êla: didama-dama, dialêmbana, dieman-eman.

ngêmasi = mati.

ngêntar = ambegal.

ngênting = êntèk, ngêtog.

ngêndhanu = anggamêng.

--- 150 ---

ngênjali = mangênjali: nyêmbah.

ngêmbun = mundhi.

ngrêngih = ambrêngêngêng, rêngêng-rêngêng, ngidung.

ngrêmbaka = kêtêl, ngrêmbuyung, ngrêmpoyok.

ngrênggêp = nyêkêl.

--- 151 ---

Pathibasa: Kawi - Jarwa.

2. Pratelan namaning kewan-kewan.

anauti = cacing.

arina = kidang.

arimong = macan.

alwang = kalong.

andaka = banthèng.

andini = sapi.

ardawalika = ula.

astati = rayap.

asti = gajah.

asmana = pikat.

asthi = gajah.

anjana = gajah.

angsa = banyak.

anggas = ibêr-ibêran.

ituwa = luwing.

uta = lintah.

ujêl = wêlut.

nauti = cacing.

naga = ula.

nagapati, nagaraja, nagaji, nagendra = ratuning ula

nitêh = ulêr.

cakarwa = mliwis putih.

caga = bêburon.

canthoka = kodhok.

cintaka = manuk cêkaklak.

cucur = manuk kêdhasih.

ramaja = bajing.

--- 152 ---

rimong = macan.

rewônda = kêthèk.

rêkatha = yuyu.

karaca = kijing.

karêndhi = mênjangan tutul.

kariti = sêmut.

kaka = gagak.

kaswada = kalong.

kawêwang = mêrak.

kaga = manuk.

kambing = wêdhus.

kratalasa = bulus.

kramika = ulêr.

kyama = pênyu.

kitiran = pêrkutut.

kejani = lutung.

kukila = manuk.

kuda = jaran.

kutu = tuma.

kuthila = kêthèk.

kurma = pênyu, bulus.

dirada = gajah.

dipara = gajah.

dipôngga = gajah.

durma = macan.

tanu = blungon.

tala = tawon.

tamuhana = prênjak.

tidharsa = manuk kêdhasih.

turôngga = jaran.

sata = pitik.

sawaja = bêlo.

sawung galing = jago atos.

salaba = laron, sulung.

--- 153 ---

samadya = gajah.

sardula = macan.

sarpa = ula.

sadpada = kinjêng, kombang.

srawa = sêmut.

swakuda = jaran.

singanadi = bajul.

singaranu = baya.

slira = mênyawak.

sukra = cèlèng.

sundara = bêkisar.

srênggala = asu ajag.

wanara = kêthèk.

wayasa = gagak.

wanteya = manuk garudha.

wardu gangga = lintah.

wancak = walang.

wraha = cèlèng.

winaya = anggang-anggang.

widhêng = [...][17]

wiyôngga = kodhok.

wriga = kidang.

wre = kêthèk.

wuling = uling.

wêca-wêca = kongkang.

wêgang = tikus.

wêrcita = cacing.

wêrka = ulêr.

wêrjit = cacing.

larwan = laron.

layap = rayap.

landhi = mênjangan ranggah.

larwa = gangsir.

lowe = luwing.

--- 154 ---

lusi = cacing.

lêmbi = walang.

lêmbora = iwak tômbra.

palwaga = kêthèk.

pracika = kala jêngking.

pragosa = kêthèk.

pusika = kucing.

dhandhang = gagak.

dhangdhi = gogor.

makala = kancil.

madukara = kombang.

madubrôngta = kombang.

mandari = mimi.

margapati = macan.

matsika = klabang.

manggala = gajah.

mendaka = cêmpe.

mong = macan.

monging ranu = baya.

musika = tikus.

mundhing = kêbo.

murti = cêcak.

murti gung gora sabda = têkèk.

gana = tawon.

gardaba = warak.

grêndaka = banthèng kawak.

baki = cèlèng.

basu = têkèk.

brakara = sulung.

brakatha = [...][18]

brakithi = sêmut.

bramara = kombang.

biksa = lêlêmbut.

--- 155 ---

biksuka = sapi.

bujôngga = ula gêdhe.

3. Namaning Peranganing Badan, Pangangge, sarta Rêrêngganing Badan.

asa = pawadonan.

asada = ilat.

antêlu = êndhog.

irah = jêrowan.

iku = buntut.

istadha = bathuk.

udara = wêtêng.

utamangga = êndhas.

usnipa = tutup gêlung.

anggas = gadhing.

nadya = bêbayu.

nasika = irung.

nala = ati.

nabi = wudêl.

nandi = bêbayu.

netra = mata.

newata = panganggo.

nêbah = tlapukan.

carana = athi-athi.

carma = walulang, kulit.

caksuh = suluhan.

curiga = kêris.

cuni = panunggul.

cêmbing = jenggot.

rajatadi = mas intên.

riwe = kringêt.

--- 156 ---

ruwastha = ugêl-ugêl.

rukmi = êmas.

kaosmurda = kêthu.

karêndar = sungsum.

kaki = sikil.

kawaca = kaprabon.

kawanda = gêmbung.

kalingking = jênthik.

kale = pênding.

kalêntit = itil.

karna = kuping, sungu.

karni = ambaning kuping, sungu.

kalpa = ali-ali.

kalpika = ali-ali.

kalbu = ati.

kisi = kancing gêlung.

keswa = rambut.

kocika = palanangan.

koce = sondhèr.

koswa = panganggo.

komis = brêngos.

kurug = kalung.

kurita = rante.

kukya = kuku.

kêning = alis.

dara = wêtêng.

darani = caping.

drastha = makutha.

drasthi = alis.

driya = ati.

dênta = gadhing, untu.

tatab = kêbuk.

taling = kuping.

tyas = ati.

--- 157 ---

tiwe = swiwi.

tungkat = têkên.

têkit = cêthik.

sarija = itil.

sadak = kancing gêlung.

salemuka = pilingan.

sandhang walikat = kêris

sardala = siyung.

sikara = tangan bau.

singsim = ali-ali.

sèntèl = kempol.

sonya = suwêng.

suweda = driji.

sulaksana = awak.

sulastri = patrêm.

sêlah = kêmbên.

wacu = klambi.

waju = klambi.

waga = pawadonan.

wanda = awak.

wardaya = ati.

waktra = rai.

wastra = jarit.

waspa = êluh.

wiso = usus.

wismaka = kêthu.

wèni = rambut.

lanat = cucuk.

lak-lak = têlak.

lidhah = ilat.

lik-lik = sêntil.

locana = pasuluhan.

ludaka = cêthik.

--- 158 ---

ludira = gêtih.

ludhaha = idu.

lungaya = gulu.

lêmak = gajih.

pani = godhoh.

panika = palanangan.

pacu = sikut.

pada = sikil.

paduka = sikil.

palam = daging.

payudara = susu.

paksa = uwang, swiwi, bau.

pranaja = dhadha.

praswa = githok.

prastha = githok.

prasthi = alis.

prambayun = susu.

puhun = jêmpol.

purus = palanangan.

pêrot = usus.

dhara = wêtêng.

dhiri = awak.

dhêsthi = alis.

dhrêstha = siyung.

jalagra = riyak.

jaludha = gadhing.

jatha = siyung.

johar = sêsotiya.

jêngku = dhêngkul.

manik = sêsotiya.

mirata = maras.

mèdi = silit.

muka = rai.

murda = êndhas.

--- 159 ---

gliga = uci-uci.

griwa = cêngêl.

gutis = sikut.

guluda = gorokan.

bauwarna = gêlang.

badhong = pawadonan.

baga = pawadonan.

bijang = pundhak.

burat = borèh.

buwahpada = dlamakan

buja = bau

bujakara = kêlat bau

4. Namanipun Têtuwuhan, Sêsêkaran sarta Sowohan

alaya = jae

agêr-agêr = ganggêng

ambawang = pakèl

canga = lombok

cêndhani = cêndhana

cêthèthèt = kêcipir

ratuh = lumut

rayung = glagah

rangin = dhadhap

randhêh = randhu

risakan = kiring

rondhon = godhong

rutan = pênjalin

rêwawa = luntas

kêkatang = sukêt

kalurak = kapundhung

--- 160 ---

kamal = asêm

kamijara = sêre

kroya = waringin

kunira = kunir

kuranji = asêm

kurita = oyod

kusuma = kêmbang

kumuda = kêmbang tunjung

kêtur = cêndhana

kêndhuru = wit gêndhuru

dukut = sukêt

duryan = durèn

tahên = kayu taun

taratya = wit trate

taru = godhong

taruwara = kêkayon

tarkas = endhong

tangke = êpang

tilarsa = lêmpuyang

timuna = timun

trêna = êlung

sahang = mrica

saing = cabe

sarasidya = kêmbang trate

sari = kêmbang

salatara = woh mlandhingan

singgang = poke dami

sumarsana = kêmbang kanthil

sêrah = suru

warêgung = gudhe

wratsari = kêmbang cêpaka

wratmaka = kêmbang gambir

winata = kêmbang tunjung

wila = maja.

--- 161 ---

wilaja = maja alas.

wipanca = dlima.

wot = oyod.

wulon = rambutan.

wêtis = pace.

wêlada = êlo.

wrêksa = kayu.

lata = oyod.

latuha = lumut.

latang = latêng.

lalang = alang-alang.

ladha = lombok.

limaya = jêruk.

limus = timun.

limbe = kimpul.

luda = tlutuh.

lêngis = waru.

parai = timun.

patra = godhong.

pala = uwoh.

palarêkta = bolu.

pantên = pari.

pandhana = pandhan.

padma = kêmbang tunjung.

pudhaka = kêmbang pandhan.

puspa = kêmbang.

puspakrêsna = tlasih.

puspita = kêmbang.

dhadhak = tlutuh.

dhukut = sukêt.

jirak = kapundhung.

jugul = boncis.

jêring = jèngkol.

nyu, ênyu = cêngkir

--- 162 ---

mandira = wit waringin

manggistha = wit manggis

grandim = jagung

gile = katumbar

gintungan = woh kusambi

gêrot = bondhot

gêtêm = bêton kaluwih

gurda = kayu wringin

Hak Pengarang Kaayoman Staatsblad. Sêrat punika bilih tanpa tôndha tangan, botên afsah kawontênanipun

Boekh S. M. DIWARNO

[Tanda tangan]

--- [163] ---

ERRATA[19]

--- [164] ---

...

--- [0] ---

[Iklan]

--- [0] ---

[Iklan]

1. Musnèng batang angèsthi wiji (1931 A.D.), [sic. 1860 A.J., 1929/30 A.D.].
2. awan.
3. lèrèn.
4. anindita.
5. kêtigên.
6. ora.
7. nganggo.
8. rasa.
9. santosa.
10. sêru.
11. ajêg.
12. wowo.
13. wangkawa.
14. pèrèng.
15. isih.
16. rumumpaka.
17. yuyu.
18. sulung.
19. Ralat sudah langsung dimasukkan dalam teks.